ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№27 (21.685) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 17, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●ЩIыналъэ гъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен: Дэ езыхэр дызрикъун къэдлэжьыжын хуейщ

- ИУЖЬ илъэсиплIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. 2005 гъэм республикэр ирихьэлIат сом мелард куэд щIыхуэу хузэтрихьауэ, абы бюджетым ирипсэу цIыхухэм улахуэр и чэзум яритыфыртэкъым. Республикэм процент 70-м нэскIэ елъытат ищхьэкIэ къыщыхуаутIыпщ ахъшэр. Абы къыщыщIэбдзэу илъэсхэм уакъыдэбжэмэ, 2009 гъэми ди деж кризисыр щытепщауэ къэплъытэ хъунукъым, ди экономикэм зэрызиужь псынщIагъым зымащIэкIэ кIэрыхуа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и зэфIэкIым хохъуэ. 2010 гъэм ди бюджетыр сом мелард 20 мэхъу. Ди мурадщ дотацэу къытхуаутIыпщыр процент 54-м къидгъэкIыу 45-м нэскIэ етхухыну. Абы къыдэкIуэу республикэм телъ щIыналъэкIуэцI щIыхуэр догъэмащIэ, IэнатIэщIэхэр къыщызэIудох, псэукIэр егъэфIэкIуэным егъэщIылIа Iуэхухэри ди деж щызэфIагъэкI. Псалъэм и хьэтыркIэ, цIыхухэр къезышэкI автомобиль транспортым зегъэужьын, къэралпсо, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэр ухуэн я лъэныкъуэкIэ.

Кризисым и бжьым дыкъыщIэкIын мурадкIэ, нэгъабэ зэфIэдгъэкIахэм я фIыгъэкIэ, лэжьапIэншэхэр цIыху минипщIым нэскIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Республикэм и пэжыпIэкIэ, щIыхуэ щателъкъым лэжьапщIэкIэ. 2009 гъэм курыт лэжьапщIэр сом 10946-рэ хъуащ. Ар процент 1,2-кIэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым елъытауэ. Егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн IэнатIэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Iуэхушхуэ зыбжанэ зэфIагъэкIащ. Мыбдеж щIэгъэкъуэн къытхуохъу япэ игъэщыпхъэ лъэпкъ проектхэр зэрыдгъэзащIэр. Ди щIыналъэм сабийуэ къыщалъхум я бжыгъэм хэхъуащ.

Дэ къыдгуроIуэ зэдгъэхъулIахэр ди зыужьыныгъэм и гъуэгум щытча япэ лъэбакъуэхэу зэрыщытыр, ауэ дыщогугъ УФ-м и унафэщIхэр ди щIэгъэкъуэну зэман гъунэгъу дыдэм республикэм нэхъ псынщIэу зедгъэужьын щIэддзэфыным. Псым уесыхыурэ, узыпэмыплъа щIыпIэм укъыщыхутэнкIэ хъунущ. Ауэ, пщIа мурадым ткIийуэ ухуэкIуэмэ, ар зэбгъэхъулIэфынущ. Дэ дызыхущIэкъур ди бюджетым дрипсэужыф хъунырщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ мы гъэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щыщ зыуэ мазаем и 13-м КъБКъУ-м и физикэ, математикэ факультетхэм я актовэ пэшышхуэм щызэхэтащ зэIущIэ щхьэпэ - абы кърагъэблэгъат кинорежиссер цIэрыIуэ, УФ-м и Президентым деж щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ Советым хэт, КъБКъУ-м щIыхь зиIэ и профессор Сокуров Александр. ЗэIущIэм кърихьэлIахэр кинорежиссер цIэрыIуэм ирагъэплъащ «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» зыфIища и лэжьыгъэщIэм.



Кинорежиссер цIэрыIуэ Сокуров Александррэ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбийрэ.

Блокадэ тхылъым дыкъоджэ

●ЗэIущIэхэр

Фильмым и гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэщ ар Сокуровым и хъэтIым, и лэжьэкIэ жыпхъэхэм иту зэрызэхэгъэуввар. Ленинград и блокадэр зи нэгу щIэкIахэм я гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса тхылъыр, абы къеджэхэр зыбгъэдэса микрофоныр, стIолыщхьэ уэздыгъэр, уэшхым иуфэнщIами нэпсым щIигъэнами къыпхуэмыщIэу абыхэм я щIыбагъ къыдэт щхьэгъубжэнэ кIыфIыр, жьы фий макъымрэ макъамэ нэщхъейммрэ - абы нэхъыбэ къимыгъэсэбэпу, гукъэкIыжхэм къызэрыгуэкIыу къеджэ цIыхухэм я зэфIэкIым фIэкIа химылъхьауэ (апхуэдэущ зэ еплъыгъуэкIэ фильмыр къызэрыпщыхъур) Сокуровым лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ. Абы Iэзэу ди нэгу къыщIигъэуващ зауэ лъэхъэнэм фашистхэм къауввыхьа Ленинград къалэдэсхэм я фэ дэкIамрэ я нэгу щIэкIамрэ. ГукъэкIыжхэм къеджэхэм я нэхъыбэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр езыхьэкI, ныбжькIэ зэхуэмыдэ цIыху къызэрыгуэкIхэт, Санкт-Петербург щыпсэу артист цIэрыIуэхэм ящыщу абыхэм яхэтащ Басилашвили Олег, Филозов Альберт, Барковский Сергей, Черняк Михаил, Костецкий Виктор, Мариинскэ театрым и солист Скороходов Сергей, виолончелист Словачевский Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри. Блокадникхэм я гукъэкIыжхэм къеджахэм яхэтащ ди лъахэгъу КъБР-м и лIыкIуэу Санкт-Петербург щыIэ, «Saralp Gallery»-м и унафэщI Сэралъп Альберт.

Суворовскэ училищэм и гъэсэн ныбжьыщIэхэр, школакIуэхэр, сабийхэр, тыкуэнтетхэр, инженерхэр, журналистхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, Ленинград и блокадэр зи нэгу щIэкIа нэхъыжьхэр къеджэрт гукъэкIыж гуузхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэм. ИкIи дэтхэнэми, я нэгур зэрызэмыщхьым хуэдэу, фэкIэ къаIуатэ гурыщIэхэри зэтехуэртэкъым. «...Тхьэм и фIыщIэкIэ мы щIымахуэр итхыфащ хъыджэбз нэхъыжь цIыкIур лIати. Абы и карточкэхэр къытхуэсэбэпащ адрей сабийхэр мэжэщIалIагъэм имыхьынымкIэ...», «Бадаево кърахыу щыта щIыр апхуэдизкIэ IэфIти, нобэми ар си Iум илъщ шэ щIэмыхум къыхаха къуейлъалъэ цIынэм хуэдэу...», «ЦIыхум абы щыгъуэ ягъуэту ямышхар укIуэдыж! МэжэщIалIагъэм нэхърэ нэхъ «пщафIэ» Iэзэ щыIэкъым, жаIэкъэ?! Танкхэр мыулъиин щхьэкIэ щахуэу щыта щэ дагъэ фIыцIэжьыр, пхъащIэ шхэпскIэ гъэва жэмыфэр...», «Си акъылыр игъэутхъуэу, сызригъэдэIуэну пылъу си шхалъэр «къызэрысщыхьэм», къыстекIуэнкIэ сигъэшынэу мэжэщIалIагъэр къызэрызэныкъуэкъум цIыху сэфэтым среху. Ар дауэ - шхэн щхьэкIэ цIыхур къыщIигъэщIар? Ерыскъым и закъуэ мы дунейм фIыгъуэу телъыр? Философиер, гъуазджэр, литературэр щыIэжкъэ?..», «НэхъапэкIи иужькIи сэ зэи слъэгъуакъым цIыхур апхуэдэу зекIуэу. Блокадэр зыгъэунэхуа къалэдэсхэм я зекIуэкIэр ещхьт жьапщэм пэщIэту кIуэм...» ЩIакхъуэ гъуа дзакIэм щхьэкIэ цIыхур хъийм икIыу, ар къызыщамыгъэщIыну хущIэкъуурэ щыту загъалIэу зэрыщытар, цIыхугъэм и мардэхэм кърихубыдэмрэ абы ебакъуэмрэ зэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр, хэкIыпIэ зимыIэж цIыхум фIыуи Iейуи къылъыкъуэкIынкIэ хъунур зэрыгъунапкъэншэр сыхьэтрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъу фильмымкIэ къигъэлъэгъуащ кинорежиссер зэчиифIэм.

- Мы фильмым хуейр щымыIэжхэракъым, атIэ нобэ псэухэрщ, - жиIащ презентацэ нэужьым Сокуров Александр къызэхуэсахэм, псом хуэмыдэу ветеранхэм, фIыщIэ яхуищIурэ. - Нобэ фи пащхьэ къитхьа фильмыр япэ дыдэу Санкт-Петербург щыдгъэлъэгъуащ, бзэ зыбжанэкIэ зэрадзэкIауэ Европэ къэралхэми щагъэлъагъуэ, ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, Урысей телевиденэм и центральнэ каналхэм къатыну «Iэмал щыIэкъым». Дауэ щымытми, къыхэзгъэщыну сыхуейщ мыпхуэдэ фильм дунейм къытехьэныр зэрымыщIэкIэ къызэрымыхъуар, кIуэрыкIуэм тету зэрыдмыщIар. Мы лэжьыгъэмкIэ дэ дыхуеящ ди лъахэгъухэмрэ лъэхъэнэгъухэмрэ я зэхэщIыкIыр, гущIэгъур, нэгъуэщI гурыщIэфIхэр къэдгъэушыну. Блокадникхэм я гукъэкIыжхэм къеджэну цIыхухэр къыщыхэсхым, сэ нэхъыбэу зытезгъэщIар зи дуней еплъыкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр, щэнхабзэ къэухьыр сысейм нэхъ къытехуэ цIыхухэрщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

●XXI Олимп Джэгухэм

Нэхъапэм зэи медалыншэ мыхъуауэ



Ванкувер щекIуэкI Олимп Джэгухэм я етIуанэ, ещанэ махуэхэр япэм нэхърэ нэхъ Iеижу къыщIэкIащ - абыхэм Урысей Федерацэм и спортсменхэм зы медали къащыхуэхьакъым.

МАЗАЕМ и 14-р Франджым и IутIыжыгъуэу щытащ – абы и лIыкIуэхэм дыщэ медалу тIу зыIэрагъэхьащ. ЦIыхухъухэм биатлонымкIэ километрипщI зи кIыхьагъ гъуэгуанэр къыщажым **Же Венсан** пэлъэщын зэхьэрхуэрэгъухэм къахэкIакъым. Куэд дыдэкIэ дызыщыгугъа ди хэкуэгъухэр, уеблэмэ, медалхэм пэгъунэгъу хъуакъым икIи абыхэм я нэхъыфI дыдэ **Черезов Иван** хуэубыдар епщIанэ увыпIэрщ.

ЦIыхухъухэм я двоеборьем зэфIэкI ин къыщигъэлъэгъуащ франджы спортсмен **Лами-Шаппюи Джейсон**. Дыдейхэм я нэхъ лъэщыр 42-нэщ.

Олимп чемпионхэр Ванкувер къыщыгъэщIынымкIэ хэгъэрейхэми гъунэ иралъащ. ЦIыхухъухэм фристайлымкIэ я зэпеуэм Канадэм и лIыкIуэ Билодо Александр щытекIуащ.

ЛъэрыжэкIэ цIыхубзхэр километрищкIэ щызэдэжэм Чехием япэ дыщэ медалыр къыхуихьащ **Сабликовэ Мартинэ** ЦIыхухъухэр IэжьэкIэ бгым къыщежэхым Германием икIа **Лох Феликс** зыри пэлъэщакъым. Медалыншэу къэзымыгъэзэжыну дызыщыгугъа Демченкэ Альберт еплIанэщ.

XXI Олимп Джэгухэм я ещанэ махуэр хуабжьу яхуэугъурлащ Швейцарием и спортсменхэм. Абы икIа **Дефагэ Дидьерэ Колонья Дариорэ** дыщэ медалхэр къахьэхуащ. Япэр цIыхухъухэм бгы лыжэмкIэ я зэпеуэм щытекIуащ, етIуанэр лыжэмкIэ километр 15 къыщажым псоми ефIэкIащ.

Километри 10-р лыжэкIэ къызэнэкIынымкIэ цIыхубзхэр щызэпеуэм **Каллэ Шарлоттэ** (Швецие) псом япэ къэсащ. Кореем щыщ **Мо Тае Бум** лъэрыжэкIэ метр 500-р зыри къылъэщIэмыхьэу къызэринэкIащ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Ванкувер етIуанэ дыщэ медалыр къыщахьащ. Ар зи фIыгъэр цIыхухъухэм сноубордымкIэ я зэпеуэм щытекIуа **Уэскотт Сэттщ.**

Китайм щыщ зэщхьэгъусэхэу **Шэнь Сюэрэ Чжао Хунборэ** лъэрыжэкIэ фигурнэу къэжыхьынымкIэ ди къэралым илъэс 46-рэ хъуауэ IэщIэлъ тепщэныгъэр IэщIахащ. Совет Союзыр а спорт лIэужьыгъуэмкIэ Олимп Джэгухэм 1964 гъэм зэрыхыхьэрэ зэи къэхъуатэкъым дыщэ медалхэр къамыхьауэ. Иджы, уеблэмэ, ещанэ увыпIэм нэсыфакъым. Иджыблагъэ Европэм и чемпион хъуауэ Ванкувер кIуа **Кавагути Юкэрэ Смирнов Александррэ** медаль зратынухэм япэгъунэгъу дыдэу къызэтеувыIащ. Адрейхэм нэхъ Iеижу зыкъагъэлъэгъуащ.

Араци, XXI Олимп Джэгухэм и япэ махуищым къытхуахьар зы жэз медаль закъуэщ. ЯIэ ехъулIэныгъэхэм теухуауэ ирагъэкIуэкI командэ зэпеуэныгъэхэм Урысей Федерацэм иджыпсту щиIыгъыр епщыкIуиянэ увыпIэрщ. Апхуэдэу мыхьэнэншэу ди къэралым икIахэм нэхъапэм зэи Олимп зэхьэзэхуэхэр къыщIадзакъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сурэтым: **Мухортовэ Мариерэ Троньков Максимрэ къахуэхьа еблэнэ увыпIэмкIэ, дауи, арэзыкъым.**

Узыншагъэр ягъэнэхъапэ

АДЫГЕЙ. ***Президент ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Натхъуэ Розиетрэ иджыблагъэ щыIащ Мейкъуапэ къалэ дэт диализ центрым.***

- СЫМАДЖЭЩЫЩIЭМ Iэмал куэд къыдитынущ зи жьэжьей узхэм дадэIэпыкъунымкIэ. Нэхъапэм абыхэм я нэхъыбэм я лъыр нэгъуэщI щIыпIэхэм щагъэкъабзэу щытащ икIи абы куэд гугъу иригъэхьырт. Диализ центрым зыщыбгъэхъужыныр пщIэншэкъым. Апхуэдэу щыхъукIи цIыхухэм я узыншагъэм трагъэкIуэда ахъшэр компенсацэу яIэрыхьэжын щхьэкIэ щIыналъэм медицинэ страхованэмкIэ и фондым сом мелуан 57-рэ къыхэкIынущ, - жиIащ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.

Диализ центрым стационар гъуэлъыпIэу 12 щIэтщ, амбулаторнэу цIыхуи 100-м нэблагъэ зы махуэм кърихубыдэу къыщапщытэфынущ. Гемодиализ хуэныкъуэу иджыпсту Адыгейм цIыху 82-рэ щопсэу. Центрым абыхэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрагъэгъуэтынущ.

Никарагуэм сэлам гуапэ къарех

АБХЪАЗ. ***Никарагуэм и президент Ортегэ Даниэль иджыблагъэ IущIащ Урысей Федерацэм нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкiэ и министр Сергей Лавров икIи Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я цIыхухэм сэлам гуапэ кърихыжащ.***

- СЭ ФIЫУЭ къызгуроIуэ абыхэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэр зыхуэдэр. Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи Никарагуэм къыщыгугъ хъунущ. Си фIэщ мэхъу ди къэралым, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэм дунейпсо зэхэтыкIэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр зэрыригъэгъуэтынур, - жиIащ Никарагуэм и президентым.

Лавров Сергей Ортегэ Даниэль и псалъэхэр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщIхэм я деж нихьэсыжыну къигъэгугъащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

МафIэм имыса усэхэр

●ТхылъыщIэ

Аращ фIищар тхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур иджыблагъэ къыдигъэкIа тхылъым.



Къылышбий Исмэхьил

ТХЫЛЪЫЩIЭМ и хъыбар кIэщI фхуэтIуатэ ди хабзэщ, ауэ мы зэм тхыгъэ цIыкIукIэ дыщIызэфIэмыкIым щхьэусыгъуитI иIэщ: япэрауэ, мафIэм имыса усэхэр зейр Къылышбий Исмэхьилщ - Совет властым и зэхэзехуэну щытахэм ящыщ зыуэ иджыри къыздэсым зи Iуэхущ1афэ дыщымыгъуазэрщ; етIуанэрауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэлIхэм я советым и унафэкIэ къыдэкIа тхылъыр и бжыгъэкIэ 100-щ зэрыхъури, Къылышбий зыхуэдар къэзыщIэну хуейхэм ар яхузэфIэмыкIынри хэлъщ.

Нало Заур Къылышбиийм хужиIам щIызыгъуэжыни къыкъуэкIынкIэ хъунщ, ауэ зэкIэ дэ дызыхуейр иджыри къэс дымыцIыхуа тхакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ фыщыдгъэгъуэзэнырщ. Къылышбий Исмэхьилрэ ар зыхалъхуа зэманымрэ теухуауэ Налом итхыр гъэщIэгъуэнщ, цIыху къызэрыгуэкIхэмрэ зи тетыгъуэхэмрэ я зэхущытыкIэм укIэлъыплъынымкIэ, Исмэхьил и цIыхугъэу щыта адыгэ тхакIуэ, узэщIакIуэхэм я дуней дыджым иджыри зэ ухэплъэжынымкIэ.

Тхыгъэр гъэкIэщIауэ нобэ тыдодзэ.

(Фыкъыщеджэ 3-нэ нап.).

Хуабагъэр зыхуэдизыр дяпэкIи къагъэлъагъуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм гу лъатауэ къыщIэкIынщ Налшык къалэм щыIэ температурэр зыхуэдизыр телевизорым къимыгъэлъэгъуэж зэрыхъуауэ щытам. 2010 гъэм мазаем и 12-м щIадзэжауэ ар къыщагъэлъагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК къэрал IуэхущIапIэм и программэхэр къэзыт «Мир» каналым.

ЗэдащIэн ягъуэтынущ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Алыджым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Папандеу щыIущIам жриIащ:

- Хуабжьу си гуапэщ ди зэрыцIыхуныгъэр икIи Алыджымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэм, Iуэху зэдэщIэкIэм нэхъри заужьыну сыщогугъ.

ХьэщIэм къыхигъэщащ Москварэ Афинрэ я экономикэм яхуэщхьэпэн Iуэху куэд зэрызэдащIэфынур.

Жьапщэр хыхьэжри

Батуми къыщыхъуа мафIэсым зеубгъуу. Ар яхуэгъэунэкIыфIкъым, жьышхуэ къопщэри. МафIэр щыета щIыпIэм и гъунэгъу къуажэм цIыхухэр къыдагъэIэпхъукI.

ИджыпстукIэ мафIэм щIы гектари 150-рэ Iисраф ищIащ, мафIэсгъэункIыфIхэр пэмылъэщурэ. МафIэсым щхьэусыгъуэ хуэхъуар зыгуэрым ищIа мафIэ цIыкIур имыгъэункIыфIыжу зэрежьэжарщ.

Насыпыншагъэ

Фин псыдэлъэдапIэм кхъухьитI щызэжьэхэуащ.

Тенджызым тету насыпыншагъэ къызыщыщIхэм ядэIэпыкъу IуэхущIапIэм и унафэщI Белов Леонид зэрыжиIамкIэ, «Магдаленэ» «Sea Nordic» кхъухьхэр зэжьэхэуэныр къызыхэкIар тенджызыр тещтыкIауэ, кхъухьхэм зекIуапIэ зэрамыIэрщ.

- Езы кхъухьхэм сэкъатышхуэ ягъуэтащ, ауэ цIыху хэкIуэдакъым, - жиIащ Беловым.

НОБЭ

♦Гуапагъэм и махуэщ.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, экономист, педагогикэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къумахуэ Башир** къыщалъхуа махуэщ (1923-2006 гъгъ.).

♦Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 51-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 35-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 44-рэ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узыщымысхьри уимыIэххэри зэхуэдэщ.

●Бахъсэн куей

Унагъуэхэр ягъэгуфIэ

«ПСЭУПIЭ кхъахэ» къэрал программэм ипкъ иткIэ, Къубэ-Тэбэ къуажэкум щатащ унагъуий зыщIэхуэну псэупIэ дэгъуэ. Абы мы махуэхэм щIагъэтIысхьэжащ зыщIэсхэр жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу илъэс куэд лъандэрэ гугъу ехь унагъуэхэр. Сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ унэм лэжьыгъэшхуэ иращIылIащ, пэшхэр тынш зэрыхъунум хуэдэу зэпэщытщ, щхьэж и унэр зэрагъэплъ котелыр щхьэхуэщ.

ПсэупIэ зэпэщкIэ зыхуэупсахэм яхэтщ бын зыбжанэ зиIэхэр, зи закъуэу къэнахэр, илъэс куэдкIэ лэжьахэр. Гъатхэ дызэрытехьэу унэм и Iэгъуэблагъэхэр щхъуантIагъэхэмкIэ ягъэдэхэнущ, IухьэпIэхэр екIуу зэтес ящIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сэрымейр ягъэлъапIэ

●Щэнхабзэ

Чыристан диным итхэм щIымахуэр ирахужьэжу гъатхэр къызэрырагъэблагъэу къадекIуэкI Сэрымей махуэр ягъэлъапIэу мазаем и 14-м Налшык Абхъазым и утым щекIуэкIащ «Масленицэ зызыубгъуа» зыфIаща зэхыхьэр.

МАХУЭШХУЭР къыщызэIуахынур сыхьэт 11-рами, пщэдджыжьым жыыуэ пщафIэхэм щIадзат мы Iуэхум кърихьэлIэну хьэщIэхэм папщIэ хабзэ хъуа шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр ягъэхьэзыру. Псом хуэмыдэу абы щыкуэдт дыгъэм и дамыгъэу къалъытэ блиныр. Ахэр зэрызэбграхым хуэдэу, цIыхухэм зэIэпахырт тхьэвым къыхэщIыкIа бзу цIыкIухэри.

ЗэIущIэм кърихьэлIат КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, Сэрымей махуэшхуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI **ДыщэкI Мадинэ**, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министр **Пащты Борис**, Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Тюбеев Хъызыр**, КъБР-м щыпсэу чыристанхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Бобылев Валентин**, урысхэм я «Вече» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI **Канунников Анатолэ**, республикэм и районхэм я лIыкIуэхэр, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ къикIахэр. Ахэр гуапэу ехъуэхъуащ къызэхуэса псоми, дыщыпсэу щIыналъэр ефIэкIуэну, мамырыгъэр щытепщэу щытыну зэрагуапэр жаIэри, сыхьэтищым щIигъукIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхыхьэр къызэIуахащ.

Дэнэ лъэныкъуэкIэ уплъэми дэрэжэгъуэмрэ гухэхъуэмрэ щыплъагъурт, лъэпкъ уэрэд зэхуэмыдэхэр къыщыIурт, къэфакIуэхэр утыкум итт. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, щIэдзапIэ зиIэ дэтхэнэ зыми кIэух иIэщ: зэIущIэр иризэхуащIыжу мэкъум къыхэщIыкIа хьэнцэгуащэр ягъэсыжащ.

Сэрымейм Налшык щращIэкIа зэхыхьэм къыпызыщэу щытащ тхьэмахуэ махуэм Прохладнэ, Май районхэм щекIуэкIа зэIущIэхэри.

ИСТЕПАН Залинэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ, мазаем и 25-рэ хъуху Iэ тевдзэ зэрыхъунур фигу къыдогъэкIыж.

МазиплIым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.



Ди индексыр 51531

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэхэм я унафэщIхэм зыхуагъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэр щыубзыхуащ 2030 гъэр къэсыху республикэм стратегие и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным теухуа программэшхуэм. Апхуэдэу диIэщ 2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м игъуэтыну псэуныгъэ-экономикэ зыужьыныгъэм и программэу пIалъэ гъунэгъум тещIыхьари.

2030 гъэм нэс тещIыхьа программэм я лъабжьэщ Iэнатlищ: мэкъумэш хозяйствэр, туризмэр, ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр къыщIэгъэкIыным. Совет Союзыр щыщыIа зэманми республикэр абыхэм фIыуэ ехъулIэрт. Иджы а IэнатIэхэм ди деж инвестицэ мылъкушхуэхэр щрахьэлIэ. АрщхьэкIэ, ахэр иджыри зыхуеинум яхуэдиз хъуркъым. Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым хэт щIыналъэхэм я зыужьыныгъэр зэтезыIыгъэ лъахъэ нэхъыщхьэу щытщ: мыбы инвестицэхэр Iуэхухэм жыджэру зэрыщыхамылъхьэр. Абы къыхэкIыу мыхьэнэшхуэ иIэщ къэралым а лэжьыгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъуным. А Iуэхум хуэзэщIагъэуIуэн хуейщ ищхьэкIэ къикI мылъкури езы республикэхэм я ахъшэри. Дэ ди деж Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ агентствэ къыщызэдгъэпэщащ. Ар егугъуу мэлажьэ. АрщхьэкIэ, нэхъыбэу дызыщыгугъыр Урысей Федерацэм и инвестицэ фондырщ.

Къэралыр хоIэбэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къызэрилъытэмкIэ, инвесторыр мыпIащIэмэ, къэралыр Iуэхум хэIэбэн хуейщ. Абы къыхэкIыу уней, къэрал IуэхущIапIэхэм зрагъэукъуэдийуэ щIадзащ. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэр ядэIэпыкъуурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм зрагъэужь, лэжьапIэхэр къыщызэрагъэпэщ. Нэгъабэ и закъуэ республикэм IуэхущIапIэ инхэу пщIым нэблагъэ къыщызэIуахащ.

Агентствэмрэ «ЛВТ» фирмэ» ООО-мрэ зэдэIэпыкъуурэ, Шэджэм куейм щаухуащ абджхэкIхэр щагъэхьэзыр заводышхуэ. Абы и фIыгъэкIэ щIыпIэм лэжьапIэщIэу 300 къыщызэIуахащ. Мылъкушхуэ ирахьэлIащ «Агро-ком» ООО-м и теплицэхэм, «Борэн щэкI» фабрикэм, «Кариста» фэ заводым, «Консервпром» предприятэм, жыг хадэхэм папщIэ пкъо гъэжахэр щагъэхьэзыр «Базис» ООО-м. Агентствэм и нэIэ тригъэтщ курортым зегъэужьыным хуэгъэпса проектхэми. Инвестицэхэм теухуа «Сочи-2009» дунейпсо зэхыхьэшхуэм КъБР-м щигъэлъэгъуа проектиблым ящыщу 5-р зытеухуар туризмэм зегъэужьынырщ. Къызэхуэсахэм абыхэм гулъытэшхуэ хуащIащ.

Дэ дызыщыгъуазэр

2009 гъэм КъБР-м мыпхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIагъэкIащ:

ЛэжьапIэ 4000-м нэс къыщызэрагъэпэщащ.

Бизнес-инкубаторыр и лъабжьэу Ипщэ Федеральнэ округым щыяпэу Инновацэ центр къыщызэIуахащ.

Псэуныгъэм егъэщIылIа унэхэу 34-рэ щаухуащ: школхэр, сабий садхэр, сымаджэщхэр, спорт залхэр, футбол щыджэгу губгъуэхэр.

Мыбы щолажьэ къэралыр цIыхухэм зэрадэIэпыкъу программэу 30-м щIигъ у.

«Анэ щIыхь» медалыр иратыну цIыху 36-рэ щагъэлъэгъуащ. БынипщI, абыхэм нэхърэ нэхъыбэ щапI унагъуэхэу 10-м «Г АЗель» автомобильхэр иратынущ. Сабий етхуанэр, абы къыкIэлъыкIуэр къыщалъху а унагъуэ 250-м ящыщу дэтхэнэми хуэзэу иратынущ сом мин 250-рэ хъу республикэ псэупIэ сертификатхэр.

ИлъэситIым унагъуэ ныбжьыщIэхэу 221-м, апхуэдэу къуажэдэс IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэу 227-м я псэупIэхэр зэрырагъэфIэкIуэну сертификатхэр яIэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэу 23-м псэупIэ сертификатхэр иратащ.

ЛэжьапIэншэхэу 2100-рэ хьэрычэтыщIэ хъуахэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха лэжьапIэщIэхэм ящыщ зым.

Дэ езыхэр дызрикъун къэдлэжьыжын хуейщ

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и бюджет зэщIэгъэуIуар зыхуэдизыр сом мелуанхэмкIэ		
	2005 гъэ	2009 гъэ
Хэхъуэхэр	8 627.70	22 532.30
ХэщIхэр	10 940.20	22 322.20
ВРП	36 833.40	64 437.70
Дотацэхэр (проценткIэ)	70,0	54,4
2009 гъэм IуэхущIапIэу 10 щаухуащ.		

Куршевели къыпэхъунукъым

Iуащхьэмахуэ лъапэ зэи щымыIам ищIэну щхьэпэщ: мыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын Бахъсэн аузым и куупIэм щыIэщ. Iуащхьэмахуэ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэщ (метр 5642-рэ мэхъу). Туристхэм, альпинистхэм я жэнэту къэплъытэ хъунущ. Апхуэдэу щIыпIэм щыIэщ узыншагъэр езыгъэфIакIуэ нарзан къыщIэшыпIэхэр.

Зы илъэсым махуэ 300-м щIигъукIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дыгъэр къыщопс. ЛыжэкIэ бгыхэм къыщыбжыхь мэхъу щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ накъыгъэм и зэхуэдитIым нэсыху. КъакIуэ хэр щрагъэблагъэ хьэщIэщ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм лыжэхэр, бгыхэм къыщажыхьын папщIэ зыхуеину нэгъуэщIхэр ират. КъэжыхьыкIэ зымыщIэхэр ирагъэсэнущ инструктор Iэзэхэм. Мыбы Урысейм и мызакъуэу, къэрал гъунэгъухэм щыпсэу цIыхухэми къэкIуэн яфIэфIщ. Къуршхэм уи зэфIэкIыр здынэсыр белджылыуэ уагъэлъагъуж.

Iуащхьэмахуэ дунейпсо курорт хъуфынущ. КъБР-м и унафэщIхэм къаруушхуэ ирахьэлIэ мы щIыпIэ дахащэм зегъэужьыным.

Нэгъабэ щIадзащ бгыхэм дэзышей кIапсэ гъуэгухэр егъэфIэкIуэным. Азау губгъуэм (Iуащхьэмахуэ) и ипщэрабгъу лъэныкъуэм и щIагъкIэ, иджырей кIапсэ гъуэгу ухуэныр и кIэм щынагъэсащ. «Гара-Баши» станцыр (метри 3,9-рэ и лъагагъщ). ЯщIа иужь, Чегет Iуащхьэ абрагъуэм зэрыдэкIуеину нэгъуэщI IэмэпсымэхэрI яухуэнущ. А псоми къыдэкIуэу, бгы-лыж э стадион, нэгъуэщI нэгузегъэужьыпIэхэр яухуэ. Мы зэманым Iуащхьэмахуэ лъапэ зэуэ ирегъэблэгъэф цIыху мини 3,5-рэ, ауэ ар щIэдзапIэ кудейщ. Курортым зегъэужьынымкIэ пIалъэ мыкIыхьым тещIыхьа программэм ипкъ иткIэ, мыбы зэуэ цIыху мин 30-м зыщагъэпсэхуф хъунущ. ИтIанэ Альпхэм щыIэ курорт цIэрыIуэхэм мы щIыпIэр зыкIи къакIэрыхунукъым.

Республикэм и унафэщIхэм я мурадхэр къайхъулIэну дыхуейт. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и курор тыр Урысейм и мызакъуэ у, щIыпIэ жыжьэхэми щыцIэрыIуэ хъунут. Кавказ Ищхъэрэр зи дуней щытыкIэр фIы дыдэ щIыпIэхэм хабжэнт. ИтIанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэмахуэ лъапэр нэхъ къащтэну къыщIэкIынт мы зэманым «олигархэм я щIымахуэ хэщIапIэу» цIэрыIуэ хъуа Куршевель нэхърэ.

АНИСИМОВЭ Екатеринэ.
«Комсомольская правда».



Iуащхьэмахуэ лъапэ сыт щыгъуи телъыджэщ.

Iуэху еплъыкIэ

Зэхуэдэ Iэмал къахузэрегъэпэщ

УФ-м и Правительствэм и гъусэу «Зыуэ щыт Урысей» партым игъэхьэзыра «Сатум и къызэгъэпэщыкIэр къэралым зэкIэлъигъэкIуэным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым мазаем и 1-м къару игъуэтащ. Ар къызэрыщыхъуам нобэ топсэлъыхь:

Урысейм и щIэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къылъшыкъуэ Альберт:

- «Сатум и къызэгъэпэщыкIэр къэралым зэкIэлъигъэкIуэным и IуэхукIэ» законыр мыхьэнэшхуэ зиIэщ икIи игъуэщ. Рынокым щытепщэ (монополист) сату компание лъэрыхьхэм я лэжьыгъэр иджы абы иунэтIынущ. Мы законым и фIыгъэкIэ, хуэзэм и лейуэ процент 30-м къыщыщIэдзауэ 70-м нэс зыщIагъу хьэпшыпыфIхэр дяпэкIэ цIыхухэм я уасэмкIэ къахуэщэхунущ, апхуэдэу хьэрычэтыщIэхэми зэхуэдэ Iэмал яIэ хъунущ. КъызэрыслъытэмкIэ, гъэзэщIэн щIадзэмэ, хабзэм къыщамылъыта гуэрхэр сэт ей къэхъунущ. Абы къыхэкIыу, законыр щIыпIэхэм зэрыщыпхагъэкIыну щIыкIэр Iэмал имыIэу гъэбелджылын хуейщ.

Федеральнэ антимонопольнэ IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч:

- Законым и проектым псалъэмакъышхуэ иращIэкIащ. Ар къызэращтар зыфIэмыкъабылхэри щыIэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, законыр нэсу убзыхуа хъуакъым икIи зэгъэзэхуэжыныгъэхэр халъхьэжынущ. Ар гъэзэщIэныр антимонопольнэ IуэхущIапIэм и пщэм далъхьащ. Абы къыхэкIыу, дэ къытпэщытщ продукцэр зейхэмрэ ныкъуэдыкъуэ хэм ях жэуаплыныгъэр къэлъытэн папщIэ, къэпщытэныгъэхэр зэредгъэкIуэкIыну методикэр дгъэхьэзырыну, къэтщтэну, республикэм и сату щIыпIэхэм я щытыкIэр зэдгъэщIэну, иужькIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр тщIыгъуу, а Iуэхум хэ т хьэрычэтыщIэхэм дахуэзэу, нэхъ зыгъэпIейтейхэр зэпкърытхыну. Ди къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэр щIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэ хэм къытедзэнущ.

Сатум и къызэгъэпэщыкIэр зыунэтIыну законым щэхуакIуэхэм, продукцэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ ар тыкуэным езытхэмрэ я хуитыныгъэхэр ихъумэнущ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ КIэрэф Мурат:

- Законыр нэхъыщхьэу зытещIыхьар сату Iуэхур зэIубз щIынырщ, хьэрычэт IэнатIэ цIыкIумрэ курытымрэ дэIыгъынырщ, продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэм уасэ зэрыхуагъэув щIыкIэм хабзэ хэлъхьэнырщ.

УФ-м и щIыналъэхэм я деж кIэ мыхьэнэ иIэщ Урысей Федерацэм и субъектхэм е муниципалитетхэм я мылъкум хыхьэ щIы Iыхьэхэм, унэхэм (ухуэныгъэхэм, псэуалъэхэм) хэхауэ щымыт тыкуэнхэр къызэрыщызэIуах щIыкIэм теухуауэ законым щыубзыхуахэм. А Iуэхур къызэрагъэпэщ щIыналъэхэм, къалэхэмрэ нэгъуэщI жылагъуэхэмрэ хыхьэу зэпIэзэрыту зегъэужьыным теухуауэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм щызэхалъхьа схемэм тету.

Сатум теухуа законым лъэныкъуэхэм я Iуэхур щIэм тету иунэтIынущ.- Ящэм лейуэ хуагъэув уасэр къэралым зэрызэкIэлъигъэкIуэнум ар къыщIэзыгъэкIхэм зэхуэдэ Iэмал къахузэригъэпэщынущ, сатум хэт псоми хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр ихъумэнущ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Къуажэхэм нэхъ егъэщIылIауэ

ЩIэ

Инвестицэ лэжьыгъэм зегъэубгъуным ехьэлIа Iуэхухэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Май районым щекIуэкIа зэIущIэм. Абы хэтащ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, къуажэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ къыхагъэщхьэхукIащ хьэрычэт лэжьыгъэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэубгъун зэрыхуейр. Абы нэхъыбэу къуажэм зыщрагъэукъуэдиину я мурадщ.

- Жылагъуэхэм я унафэщIхэр хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм зегъэужьыным сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн яхуэхъун хуейщ. Дэтхэнэ къуажэми IуэхущIапIэ цIыкIухэр щымыIэу хъунукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ зэIущIэм къыщыщыпсалъэм куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Атаманенкэ Юрий. - Ди районыр нэхъыбэу зыхухэхар мэкъумэш IэнатIэрщ. Абы къыхэкIыу, а къудамэращ псом хуэмыдэу дызэгугъун хуейр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, мы зэманым куейм щызэхалъхьакIэщ проект 17. Абыхэм ящыщу 7-р гъэзэщIэным яужь ихьакIэщ, адрей 10-р зэфIагъэкIыну я мурадхэм зэкIэ хэтщ. Псалъэм папщIэ, Александровскэ станицэм жэм къашу 700 щаIыгъыну IуэхущIапIэ къыщызэIуахыну я гугъэщ. Гъэшым щелэжьынущ «Ленинцы» мэкъумэш IуэхущIапIэм. Гъавэ зытепщIэ мыхъу щIыхэм щакIуэ IэнатIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ. «Красная нива» мэкъумэш IуэхущIапIэм Iэщу щагъэхъум и бжыгъэм куэдкIэ щыхагъэхъуэнущ «Агро+» ООО-м щIыгъуу. Иужьрейр нэхъ зэлэжьыр хадэхэкIхэр гъэкIынырщ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, а акционер обществэм и фIыгъэкIэ, ди республикэм и щIыпIэ куэдым къыщагъэсэбэп хъуащ ищхьэмкIэ зэпраша бжьамий угъуэнахэм къапыткIу псы ткIуэпсхэмкIэ хадэхэкIхэр зэрызэрахьэ Iэмалыр.

«Ленинцы» мэкъумэш кооперативым щолэжь «Школ гъэш» проектышхуэм. Ар къайхъулIэмэ, Май куейм и школакIуэ псори къэуат зыщIэлъ шэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Iуэхум зиукъуэдиймэ, республикэ псор апхуэдэ ерыскъы гъуэзэджэкIэ зэлъагъэIэсыну я мурадщ. А щIыпIэ дыдэм щогупсыс сабийхэм ирагъэшхыну пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ щелэжьыну IэнатIэ къыщызэIухыным.

Октябрьскэ жылагъуэм шы гъэхъуным и Iуэхур къыщагъэщIэрэщIэжынущ. Абы къыдэкIуэу щIыпIэм полимерхэр зыгъэхьэзыр завод, теплицэхэр щаухуэнущ, мыIэрысейхэр щагъэкIынущ. Псори зэхэту цIыху 1500-м лэжьапIэ а IэнатIэхэм щагъуэтынущ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ

Махуэр махуэм кIэлъыкIуэу 1945 гъэм

МАЗАЕМ И 19-м

Мазаем и 18-м зауэм лIыхъужьу хэкIуэда генерал Черняховский И. Д. и пIэкIэ Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм и унафэкIэ 3-нэ Белорус фронтым и командующэу ягъэуващ маршал Василевский А. М. Генеральнэ штабым и унафэщIу ягъэуващ армэм и генерал Антонов А. И.

ГКО-м 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм теухуауэ къищтауэ щыта унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Иджы Ставкэм хэтщ: СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и нарком Сталин И. В., зыхъумэжыныгъэмкIэ наркомым и къуэдзэхэу маршалхэу Жуков Г. К., Василевский А. М., армэм и генерал Булганин Н. А., генеральнэ штабым и унафэщI, армэм и генерал Антонов А. И., зауэ-тенджыз флотым и Iэтащхьэ флотым и адмирал Кузнецов Н. Г.

Нэмыцэдзэхэм Кёнигсберг и деж щахузэфIэкIащ къалэр къэзыухъуреихьа советыдзэхэм щаIэщIэкIын.

МАЗАЕМ И 20-м

Маршал Василевский А. М. КъуэкIыпIэ Пруссием нэсащ икIи 3-нэ Белорус фронтым и штабым кIуащ, абы и лэжьакIуэхэри зригъэцIыхуащ.

МАЗАЕМ И 21-м

Маршал Василевский А. М. 3-нэ Белорус фронтым и командующэ къулыкъур гъэзэщIэн щIидзащ.

Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ ищIащ КъуэкIыпIэ Пруссием щыIэ Дзэ Плъыжьым и зауэлI псори 3-нэ Белорус фронтым и командующэ маршал Василевский А. М. и IэмыщIэ зэрилъымкIэ.

МАЗАЕМ И 22-м

3-нэ Белорус фронтым хуабжьу зыхуигъэхьэзыру щIидзащ КъуэкIыпIэ Пруссием щыIэ «Ищхъэрэ» нэмыцэдзэм зэребгъэрыкIуэным. А зэманым ирихьэлIэу Гитлер зэрихъуэкIат а дзэм и командующэр, генерал Рендулич Л. и пIэкIэ генерал-полковник Вайс В. игъэуват. Иджы а генералым и унафэм щIэтт нэмыцэ дивизэ 30-м нэс.

КъуэкIыпIэ Померанием щебгъэрыкIуэ 2-нэ Белорус фронтым щIэгъэкъуэн хуэхъун мурадкIэ, Ставкэм а щIыпIэм игъэкIуащ генерал Козлов Г. К. и унафэм щIэт 19-нэ армэмрэ генерал Панфилов А. П. и унафэм щIэт 3-нэ танк корпусымрэ.

МАЗАЕМ И 23-м

1-нэ Белорус фронтым и дзэхэм (маршал Жуков Г. К.) Познань къалэр хуит къащIыжащ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ, «Нормандие-Неман» авиаполкым и офицер гупышхуэм зауэм щызэрахьа лIыгъэм папщIэ, ди къэралым и орденхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфэщащ. «Нормандий-Неман» авиаполкым 1943-1945 гъэхэм бийм и кхъухьлъатэу 280-рэ къриудыхащ, 80-м нэс аэродромхэм щикъутащ.

Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм и унафэкIэ, Прибалтийскэ фронтыр 3-нэ Белорус фронтым гуагъэхьэжащ. Армэм и генерал Баграмян И. Х., маршал Василевский А. М. и къуэдзэ ящIащ.

Тыркум зауэ ирищIылIащ Германиемрэ Япониемрэ.

МАЗАЕМ И 24-м

Фашист Германием и бийуэ Бухарест и гуащIэрыпсэу мин 500-м нэсым зыкъаIэтащ. Радеску зи пашэ румын правительствэм и унафэкIэ, зэуапIэм Iут дзэхэр къыIуашыжри, абыхэм пэщIагъэуващ. Радеску и мурадыр къехъулIакъым, Германиер зыхуейри къикIакъым. Радеску зи пашэ Румын правительствэри трахуащ.

МАЗАЕМ И 25-м

Венгрием пIалъэкIэ щыIэ и правительствэр мылъкукIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну СССР-м и правительствэм къелъэIуащ. 1944 гъэм жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм мазаем нэсыху фашистхэм Венгрием ирашри, Германием ягъэIэпхъуащ промышленнэ оборудованэу, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэу, ерыскъыпхъэу, нэгъуэщIу вагон мин 33-рэ, кхъухь 423-рэ. Совет Правительствэм унафэ ищIащ Венгрием щIыхуэу пенгэ мелуани 100 иритыну.

МАЗАЕМ И 26-м

Венгрием и щIыналъэм фашист Германием и дзэхэм щезауэ Болгар армэм и командующэм 3-нэ Украин фронтым и командующэ маршал Толбухин Ф. И. лъэIукIэ зыкъыхуигъэзащ дагъэгъэсынрэ ерыскъыкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну. 3-нэ Украин фронтым и зауэ советым унафэ ищIащ а лъэIур игъэзэщIэну.

МАЗАЕМ И 27-м

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр, зауэм зэрыхэкIуэдам хуэдэу, къыфIащащ адыгэ танкист хахуэ Мэсей Аслъэнджэрий. Абы и гъащIэр лIыхъужьу щитащ Вислэ псым и деж 1945 гъэм мазаем и 21-м.

МАЗАЕМ И 28-м

Польшэм и 1-нэ армэр фашист Германием зэрезэуэнум хуэхьэзыру ди дзэхэм къакъуэуващ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлиищ.

Узыншагъэ

Я зэфIэкIым хохъуэ

Узыншагъэр хъумэным и лэжьакIуэхэр илъэс блэкIам зэрехъулIар къыщапщытэж зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Аруан куейм. Район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Жамборэ Налжан и къэпсэлъэныгъэр триухуащ сымаджэм и узыр къызэрахутэ щIыкIэмрэ абыхэм зэреIэзэмрэ егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

2009 гъэм район сымаджэщым къуажэ амбулаторэ 11 хагъэхьэжащ, километритIым щIигъукIэ абыхэм япэжыжьэ жылищым фельдшер-акушер пункт хэр къыщызэIуахащ, апхуэдэу махуэ стационархэми я лэжьэкIэр зэтраухуэ, ирагъэфIакIуэ.

Район сымаджэщым узым къыхигъэзыхьхэр зрашалIэ и къудамэм амбулаторэ къыщызэIуахащи, абы екIуалIэхэм занщIэу ядэIэпыкъунущ.

«Узыншагъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ илъэс кIуам диагностикэ Iэмэпсымэу сом мелуан 21-рэ и уасэ къаIэрыхьащ, апхуэдэу санитар транспорту 9 иратащ. Район мылъкум къыхэкIыу лъэпкъ проектым сом мелуан 1,2-рэ халъхьащ, Аруан къуажэ амбулаторэм машинэ къыхуащэхуащ.

СОКЪУР Риммэ.

ЦIыхубзхэр сыт щыгъуи жыджэру хэтащ къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм. Зауэм и лъэхъэнэм, абы и ужь илъэсхэм гугъуехь куэд абыхэм я пщэм къыдэхуащ. Прокуратурэм и органхэм, цIыхухъухэм ябгъурыту шынагъуэ зыпылъ лэжьыгъэр щрахьэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэми.

ДИГУ къэдгъэкIыжынщ гугъуу щыта 1930 гъэр. А лъэхъэнэм прокуратурэм къэкIуащ япэ адыгэ цIыхубзыр - **Хъут Нащхъуэ**. Абы бгъэдэлът цIыхухэм зэрадэлэжьэн акъылрэ щIэныгъэрэ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтырт. Илъэс 24-рэ зи ныбжь Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ пщащэм областым и прокурорым и къуэдзэ къулыкъур хуагъэфэщати, и къалэныр пщIэрэ щIыхьрэ иIэу ирихьэкIырт...

Абы и лъагъуэм ирикIуэу бгырыс цIыхубзхэр прокуратурэм нэхъ къекIуалIэ хъуащ.

Махуэ Iэсият 1914 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м Налшык округым (иджы Сэрмакъ къуажэм) хыхьэ Бабыкъуэ жылэм къыщалъхуащ. И адэ Джэфар Бату и къуэр 20 гъэхэм Нагорнэ окружной гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIу лажьэрти, район центрыр здэщыIэ Пятигорск (Псыхуабэ) и унагъуэр и гъусэу щыпсэурт.

Iэсият 1934 гъэм щыщIэдзауэ ВЛКСМ-м и Дагъыстан обкомым щылэжьащ. Куэд дэмыкIыу ар комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым пионерхэмкIэ и къудамэм и унафэщIу къагъэкIуэжащ. И ерыщагъымрэ и IэщIагъэм адэкIи хигъэхъуэну зэрыхущIэкъумрэ къалъытэри, Махуэр Ленинград дэт Сталиным и цIэр зезыхьэ коммунист университетым еджакIуэ ягъэкIуащ. Ар фIы дыдэу къиухри, 1939 гъэм Iэсият КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу къулыкъум пэрыуващ. Адрейхэм ар ефIэкIырт и цIыхугъэмкIэ, и щэнымрэ псэ къэбзагъэмкIэ, зыIыгъыкIэмрэ и ерыщагъымкIэ.

Фашист зэрыпхъуакIуэхэр Кавказым къыщихьа лъэхъэнэм Махуэм жэуаплыныгъэ зыпылъ къалэн игъэзащIэрт. Абы и унафэм щIэту Дагъыстаным ягъэIэпхъуэрт цIыхухэмрэ фашистхэм Iэрамыгъэхьэну республикэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ. Пщэрылъ къыщащIар къэмылэнджэжу зэригъэзэщIам папщIэ, Махуэ Iэсият «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа лэжьыгъэфIым папщIэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ. Зауэ нэужьым абы къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ. Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа щапхъэм папщIэ «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр къратащ.

Бгырыс цIыхубзхэм япэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зыгъуэтахэм ящыщщ Лэскэн Iуфэ къыщыхъуа, 1937 гъэм Горскэ мэкъумэш институтым щеджа, **Къалэбатэ Наужан**. И IэщIагъэм ирилажьэурэ, абы юридическэ институтри заочнэу къиухащ.

1939 гъэм Къалэбатэ Наужан Куба район прокуратурэм следователу лэжьэн щыщIидзащ, адэкIэ Прималкэ куейм хыхьэ Алътуд къуажэм щыпищащ. 1942 гъэм, нэмыцэхэр къуажэм къыщыдыхьам, Наужан лэжьапIэм щыIэт. Фашистхэр бжэм къытеуIуэу щIадзати, Къалэбатэм щытыкIэр псынщIэу зэпилъытщ, мыхьэнэ нэхъ зиIэ дэфтэрхэр къыздищтэри, щхьэгъубжэмкIэ дэкIуэсыкIащ. Полицейхэм ар къалъыхъуащ, арщхьэкIэ и лъэужь техьакъым. Наужан Бахъсэненкэ и щхьэгъусэм и Iыхьлы Абрэджхэ я деж зыщигъэпщкIуащ.

1943 гъэм и пэщIэдзэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужа нэужь, накъыгъэм и 4-м Къалэбатэр и лэжьыгъэм пэрыувэжащ. Зэман дэкIри, ар Бахъсэн район прокуратурэм цIыхубэ следователу ягъэкIуащ.

Зауэр иджыри иухатэкъым. Зэманыр гугъу дыдэт. ДэнэкIи щIэпхъаджагъэм зыщиубгъурт. БзаджащIэхэм яхэтт хабзэхъумэхэм я бийхэри. Къалэбатэр Хэкум и епцIыжакIуэу къыщыратхэкI письмохэр IуэхущIапIэ куэдым ягъэхьат. ЗэхамыгъэкIа хъыбарым ипкъ иткIэ, япэ щыкIэ Къалэбатэм и адэр 1943 гъэм яубыдащ. Абы кIэлъыкIуэу НКВД-м лъэхъуэщым иридзащ Наужан и щхьэгъусэ Шыбзыхъуэ Iэдэм. А Iуэху зэIумыбзхэр лъабжьэ хуищIри, а лъэхъэнэм республикэм и прокурору лэжьа Кривушиным 1944 гъэм щIышылэм и 4-м Къалэбатэр лэжьапIэм Iуигъэкlащ.

Яубыдахэр къуаншэу къыщIрагъэдзыфакъым икIи икIэмикIэжым Iуэхур къызэтрагъэувыIащ. АрщхьэкIэ Наужан прокуратурэм игъэзэжакъым.

1948 гъэм щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр республикэм и Министрхэм я Советым и мэкъумэш гупым хагъэхьащ. Абы дзыхь къыхуащIат колхоз унафэщIым и къулыкъур. И псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ, Къалэбатэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр, КъБАССР-м и ЩIыхь тхылъыр тIэунейрэ къратащ.

IэщIагъэлI ахъырзэману зыкъигъэлъэгъуащ нэгъуэщI зы лэскэн пщащэми - **Ащнокъуэ Сэлисэт**. Зауэр къэхъейри, цIыхухъухэр Хэкур яхъумэну дэкIат, абыхэм я пIэ иувэн къэгъуэтын хуейт. Мис а лъэхъэнэм КъБАССР-м ЮстицэмкIэ и министерствэм гу лъитащ цIыхубз жыджэрым. 1942 гъэм Сэлисэт Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм еджакIуэ ягъэкIуащ. Мазищ юрист курсхэр фIы дыдэу къиухри, ар Налшык къалэ прокуратурэм и следователу ягъэуващ.

Республикэ прокурорым и унафэкIэ, Сэлисэт Дзэлыкъуэ куейм лэжьыгъэ IуэхукIэ зэгуэрым ягъэкIуат. Ар ирихьэлIащ прокуратурэм и бжэр гъэбыдауэ. Щхьэусыгъуэр прокурорри следователри армэм зэрыраджарт. ЗрихьэлIа щытыкIэм къыхэкIыу Ащнокъуэр абдеж къыщынэну хуагъэуващ. Арати, прокурор къалэнри следователь пщэрылъри игъэзэщIэн хуейхъуащ.

Кавказыр зауэ лыгъэм зэщIищтат. Фашистхэр бгыхэм къыхуеIэрт. Зэманыр гугъут икIи шынагъуэт. Салисэт щылажьэ пэшым, цIыхум пкърыупщIыхьу здэщысым, пэмыплъагъэххэу НКВД-м и район къудамэм и унафэщI КIуащ Мухьэдин къыщIыхьащ. Абы къызэрыжриIамкIэ, нэмыцэхэм Псыхуабэ къащтат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэхэми къэсат. Сэлисэт псынщIэу дэфтэр щэхухэмрэ прокуратурэм и мыхъурымрэ къыздищтэри, адрейхэр игъэсащ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр лъахэм ирахужа нэужь, Сэлисэт и «гъэтIылъыгъэр» къыщIитIыкIыжри, республикэм и прокурор Кривушиным иритыжащ. ЦIыхубзым хуагъэлъэгъуат Налшык къалэ прокуратурэм и аппаратым къэнэну, арщхьэкIэ Лэскэн куейм игъэзэжмэ, нэхъ къищтащ. Абы ар прокуроруи следователуи щылэжьащ.

Прокуратурэм и закъуэтэкъым лэжьакIуэ зыхуримыкъур. Партым и обкомым и унафэкIэ Ащнокъуэ Сэлисэт Лэскэн райкомым, адэкIэ райисполкомым ягъакIуэри абы и унафэщIым и къуэдзэу, иужьым унафэщIу лэжьащ.

Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм япэу къахэхьа балъкъэр цIыхубзщ **Бапинаевэ Марзият**. Нэмыцэ фашистхэр ди республикэм ирагъэкъэбзыкIыжа нэужь, Шэджэм район прокурор къалэнхэм пэрыувэжат партизан Чочаевыр. ЛэжьакIуэ хурикъуртэкъыми, и нэм къыIуидзащ а лъэхъэнэм Шэджэм Ипщэ къуажэ Советым секретару щылажьэ пщащэ жыджэр Марзият. Абы следователь къалэнхэр пщэрылъ щащIри, мыдзыхэу а лэжьыгъэ мытыншым пэрыуващ. ИужькIэ юристхэр щагъэхьэзыр мазищ курсым ягъакIуэри, ар къиуха нэужь, Шэджэм район судым и унафэщIу хахауэ щытащ. 1944 гъэм гъатхэпэм и 7-м, балъкъэрхэр лъахэм ирагъэкIыным зы жэщ-махуэ иIэжу, Бапинаевэ Марзият яубыдащ икIи хамэ къэрал щэхурылажьэу къалъытэри «тройкэ»-м и унафэкIэ илъэситхукIэ ягъэтIысащ.

Хэку зауэшхуэм и пэкIэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэм къахыхьа, зауэм и гугъуехьхэр зи нэгу щIэкIа цIыхубзхэм ящыщщ 1920 гъэм Прохладнэ къалэм къыщалъхуа **Шарудэ Валентинэ**. Пушкин Александр и цIэр зэрихьэу я къалэм дэт курыт еджапIэр 1938 гъэм къиухри ВКП(б)-м и райкомым инструктору лэжьэн щыщIидзащ, адэкIэ комсомолым и обкомым кадрхэмкIэ и къудамэм щыпищащ. 1943 гъэм фокIадэм и 23-м КъБАССР-м и прокурорым и унафэкIэ, Тэрч куей прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу ягъэуващ. Орджоникидзе мазищ курсхэр къыщиухри, 1944 гъэм и щIышылэм Май районым и прокуратурэм и цIыхубэ следователь къалэным пэрыуващ.

Зауэм и зэманым, 1943 гъэм, партым и обкомым и унафэкIэ прокуратурэм лэжьакIуэ ягъэкIуауэ щытахэм ящыщ зыщ **Щомахуэ Зое (Зрумхъан)**. И IэщIагъэм хуэIэижь, лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу лажьэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщIэ адыгэ бзылъхугъэр 1952 гъэм республикэм и Суд Нэхъыщхьэм хахри, иужьым абы и унафэщIу куэдрэ лэжьащ. Абы и пэкIи, 1935 - 1942 гъэхэм Щомахуэр республикэм и Суд Нэхъыщхьэм хэтауэ щытащ. Ауэ нэмыцэ фашистхэр лъахэм къыщебгъэрыкIуэм, Зое Тбилиси Iэпхъуэри, абы щыпсэуащ. Фашистхэр ирахужа нэужь, къигъэзэжри, и лэжьыгъэм пищэжащ.

Республикэ прокуратурэм и следователь ныбжьыщIэхэм я ущиякIуэу, я щапхъэу щытащ **Бекъан Изабеллэ**. 1947 гъэм Къэзан юрист институтыр къиухри, ар Налшык къалэм и 1-нэ суд участкэм и судыщIэу лэжьащ. 1956 гъэм щыщIэдзауэ 1979 гъэм пенсэм кIуэху, Бекъаныр следователу, Налшык къалэ прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ.

1945 гъэм Налшык район прокуратурэм и следователу щытащ **Къуэшокъуэ Таужан**.

Республикэ прокуратурэм япэ лъэбакъуэ щызыча ди цIыхубзхэр зэи ящыгъупщэркъым, ахэр фIыкIэ ягу къагъэкIыж, нобэ къыддэгъуэгурыкIуэхэм хуэфащэ гулъытэ хуащI.

Жыжьэ - гъунэгъу

Япэу яхыхьахэр

СЭРАХЪЭ Александр,
УФ-м и прокуратурэм щIыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ДИ ЛИТЕРАТУРЭМ и тхыдэм дыщриплъэжкIэ, дэ тлъагъу хабзэр хэхъуэныгъэу къэтлъытэращ, хэщIыныгъэу политикэ залымым къытхуихьам ди нэр худоуфIыцI. Ар дыхуагъэсауэ пцIы зэрыдупс Iэмалхэм языхэзщ. Псалъэм щхьэкIэ, жыгитI къызыдэкIа пщIантIэм, зы фIэкIа къыдамынэу, етIуанэр дахамэ, ар щIубзыщIынур сыт? Сэ зи гугъу сщIыр 1937 гъэм зэ траукIа тхакIуэ пажэхэракъым - ахэр псоми дощIэ! Сэ зи гугъу сщIыр Урысей пхащIэм нэс кIуасэу, Новосибирск зи гъащIэр щызыхьа усакIуэ хьэлэмэтыращ. Адыгэ псалъи, адыгэ уэрэди зэхимыхыу, адыгэ къафи имылъагъ уу, адыгэ литературэм сыт къыщыхъуми имыщIэу хамэ къалэ, къалэ жыжьэ щагъэпсэуа усакIуэр емыщхьу пIэрэ щIыгулъым къыхачу пшахъуэху гъущIам хагъэтIысхьа жыгым? А пшахъуэхум кьела жыгым хуэмыдэу пIэрэ хамэ щIыпIэм зи къалэмыр щызымыутIыпща адыгэлIыр! Я лъэпкъэгъухэм яхэсыжу Тырку мрэ Хьэрыпымрэ къитэджа адыгэ тхакIуэхэм яIэщIэлъар хамэ къалэмщ, атIэ зи адыгэ уэрэдыр зэпымыуа Къылышбий Исмэхьил сыт хуэдэ фIыщIэ хуэмыфащэр? Сэ куэдрэ согупсыс: ар и хэку исыжу, и лъэпкъэгъухэм ях эсыжу, и лъабжьэр лъэпкъ щэнхабзэм хэту зэфIэувамэ, дэнэ нэсыну пIэрэт? - жысIэурэ. СощIэ, сощIэ мыгъуэ, ари щэщIрэ ебланэ гъэ угъурсызым къелынутэкъым, ауэ… итIани… Тхьэм къихъумэрэ къеламэ, бетэмал, сыту лирик щэджащэ диIэнт нобэ!… Игурэ и псэрэ утIыпщауэ ягъэтхамэ…

Дауэ щытми, дэ абы къытхуигъэна литературэ щIэиным дыщывгъэгуфIыкI.

Къылышбий Батырбэч и къуэ Исмэхьил 1896 гъэм щIышылэм и 9-м Къылышбийхьэблэ (Нартан) къыщалъхуащ, зыхалъхуар дыжьыныгъуэм захэзыбжэ (Астемир Мамхегов. Высшее сословие Кабарды в 1872 году // «Газета Юга», №23 (441) 8. VIII-2002) уэркъ унагъуэт. Исмэхьил сабийуэ (илъэсих фIэкIа мыхъуауэ) и адэр щхьэщылIыкIщ, и анэр унэидзыхьэу (щы тIэкIу иIэти) яхьри, щIалэ цIыкIур зеиншэу къыщынэм, Польшэм офицеру къулыкъу щызыщIэ и адэ къуэш СулътIанбэч зрешэлIэж, Ломжэ къалэм здешэри, реальнэ училищэм щIегъэтIысхьэ. 1910 гъэм и бжьыхьэм СулътIанбэч Къэбэрдейм къагъэкIуэж Налшык округым и тету (Опрышкэ О. «Бывают странные сближения…» Документальное повествование. Нальчик, «Эльбрус», 1993, н.42); Налшык дащIыхь реальнэ училищэр къызэрызэIуахыу, Исмэхьил абы щIотIысхьэ.

А еджапIэм къыщоуш Исмэхьил и усакIуэпсэр.

1917 гъэм пащтыхьыр традза нэужь, реальнэ училищэм «Бгырыс щIалэгъуалэм я хасэ» («Кружок горской молодежи») къызэрагъэпэщ, Къылышбий Исмэхьил и тхьэмадэу. Хасэм къалэну зыхуигъэувыжырт щIэныгъэр цIыхубэм яхэхьэныр, цIыху нэхъыбэ еджапIэм къешэлIэныр. А зэманым ЦIагъуэ Нурийрэ Елбэд Хьэсэнрэ хасэм кърагъэблагъэ, Нурий адыгэ тхыдэм теухуа лекцэ къахуеджэн, Хьэсэн бахъсэней тхэкIэм хуригъэджэн щхьэкIэ. Реальнэм щадж тхыдэмрэ Нурий яхуиIуатэмрэ апхуэдизу зэтемыхуэти, ар Исмэхьилым телъыджэ щохъури, адыгэм я блэкIа дахэр игъэлъапIэрэ я нобэрей насыпыншагъэр игъейуэ «Iуэдыщэ» усэр етх, едзыгъуэ пщыкIуз хъууэ. Iуэдыщэм - «къурш дыщэ» къикIыу аращ, ар Истамбыл фIыщIэ хасэм и узэщIакIуэхэм Кавказым къыхуагъуэта цIэ лъапIэщ, Нурий хэкужьым къыздихьауэ (Елбэд Хьэсэн. Гукъинэж. Налшык, «Эльбрус», 1993, н. 309-317).Усэр нагъыщэу (символикэ) гъэпсащ, абыхэм я мыхьэнэр умыщIэмэ, гурыIуэгъуей мэхъу: Iуэдыщэ и щыгум тет щиху дахэшхуэр адыгэ лъэпкъым я нагъыщэщ; «Зэмзэмуэ къыщIэж и псынэр» ижькIэ адыгэм яIа щэнхабзэшхуэращ; Iуэдыщэ (е щихушхуэм) и унэрыс бгъащхъуэжьхэр - адыгэм яIа зауэлI, дзэпщ лъэщхэрати, бий къатеуамэ, хэкум къыщыжырт… АрщхьэкIэ:

Къудан щихур тхьэщIасэ бынти,
ФIыгъуэ инх эр къыхуридзыхт,
Ауэ щыкIыр насып укIыжти,
Уафэ дыщэр бийуэ къыхихт.

Адыгэр щыкIыу «уафэ дыщэр бий» зэрищIа щIыкIэр усэми къыхэщыркъым, ар Хьэсэни къыджиIэфакъым. Ауэ щытми, тхыгъэм и купщIэр лъэпкъыр зыхуэкIуа тхьэмыщкIагъэращи, авторым игъей гузэвгъуэр аращ:

Зэзэмызэ тобэ къеIыхгуэ
ТхьэIуху дхэр къыщотIысэх,
АрщхьэкIэ зий зэхимыхгуэ
ЛIыжь тхышэр йопэзээзх.

«Тобэ къеIыхгуэ къетIысэх тхьэIухудхэр», Елбэдым зэрыжиIэмкIэ («Гукъинэж», н. 315), «… Народым щIэныгъэ ягъуэтын, я нэм нэху щIэпсэн папщIэ, абы хуэлажьэу езы народым къыхэкIа» узэщIакIуэхэрщ (Нэгумэ Шорэ, Бырсей Умар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, ЦIагъуэ Нурий, Дым Iэдэм сымэ хуэдэхэр). «Лъыжь тхышэр епэээээхыр» Къылышбийм и зэманэгъу адыгэщым, абы усэм и мыхьэнэр нобэ еIэт. Мопхуэдиз лъагагъэм лъэпIэныгъэр зэпа фэ щихъэ зыхэзымыIэтыкIар!.. жэлэри иджыпстун дыкъыхуэнэжа дыкъэуэтащ.

Гу зылъытапхъэ: «Iуэдыщэр щатха XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм адыгэ усэм дамэ къытекIэу щIидзат. Сэ зи гугъу сщIыр Агънокъуэ Лашэ и лъэтэкIэ телъыджэракъым - ар гъащIэ кIыхь къэзыкIуа гурыгъуэм и щыгъэ. Сэ гу зылъызэгъэтэну яужь ситыр тхыбзэ усыгъэм къыща гульыр къэтэлъын зэрыщIидзарщ. Уэрэдгъуэ къежьа Пащэ Бэчмырзэ итха «Псалъэ пэжкъэм» я Iыхьэ 6 («Зэманыр

Къыздимыкlыжым къикlыжа усакlуэ

псынщIэу йокIуэкIыр…»), 13 («Гъатхэр къэзыхуыр бэ у цыкIухэрщ…»), 17 («Фымыззэунумэ, Iэщэ къэвмыщтэ…»), 34 («Ижьым щыгъуазээрэ…»), 35 («ЩхьэхуещэгупкъэзыимыIэгъэатэмэ…»), «Алыхъым и фIыщIэр…», «Къатхъэн Назир и усэхэр…», нэгъуэщIхэри литературэм лирикэ кууэщI: Куп Исмел-Хьэжым и зы усэщ ди деж къэсар: «Адыгэ жыыуэм» и закъуэщ, ауэ ар усэным хуэижъ хъуа тхакIуэм зэриIэдакъэщIэкIыр налуэщ: ШэджыхьэщIэ ПщыкъанI и «Бэджерэ бадзэрэ», «Къуажэ молэжькъэм я уэрэдыр», адрейхэм къытрамыдза пэтми, куэдым ягу къиншыхдыкIырти, IуэрыIуэтэжу щытэ цIыхум къэрахьэкIыу щытащ; ЩоджэнцIыкIу Алий и «Нанэмрэ» «Тыркухадэмрэ» лирикэ телъыджэщ; Датокъуэ Заурбэч урысыбзэкIэ зэхилъхьа «ПщIыхь» («Сон») усэм къыхощ ар зытхам зэчиишхуэ зэриIар (Опрышкэ Олег «Бывают странные сближения…» Нальчик, «Эльбрус», 1993, н. 184), абы усэ зэримыщыпэтхыр; дебакъуэ хъункъым ЩэрэлIокъуэ Талъустэн и усэхэми. Зыщывмыгъэгъупщэ бахъсэней узэщIакIуэхэм къыдагъэкIыу щыта кIэзетымрэ («Адыгэ макъ») тхылъхэмрэ, мыдрисэми адыгэбзэкIэ щрагъаджэу зэрыщытари. Сщыгъупщэрти, а усэ зытххэм КIурашын Мухьэмэди зэрахэтар (Налоев З.М. К типологии баксанского адаба //«Вопросы кавказской филологии и истории». Нальчик, 1982, н 101-124). Ахэр зэджэн тхылъхэм ирагъэувэн щхьэкIэ зэхалъхьа усыгъэкъым - ахэр авторхэм я псэ, я гупсысэхэр зэраIуатэ тхыгъэу къежьащи, къызэфIэувэну къэхъея щэнхабзэщIэм - тхыбзэ литературэм и гулъу къэлъытапхъэщ. Абы и щыхьэту си гугъэщ зи цIэ къитIуа авторхэр, езыр-езыру къэуша мыхъумэ, зыгу эрым игъэIущауэ зэрыщымытри.

Ар къэдмылъытэмэ, и кIэм нэсу къыдгурыIуэнкъым Къылышбийри, ПащIэри, ЩоджэнцIыкIури, ШэджыхьэщIэри тхэн щамыгъэтыжу, усакIуэ щIэхъуа щхьэусыгъуэр.

А лъэхъэнэр телъыджэ къыщыхъу зэманти, Къылышбийр нэгъуэщI Iуэху хьэлэмэтми къыхохутэ. 1917 гъэм и гъэмахуэм «Бгырыс щIалэгъуалэм я хасэм» хъыбар къыIэрохьэ, урыс уэрэдгъэIу щэджащэ Шаляпин Федор зигъэпсэху уу Нартсанэ щыIэ у. Хасэм я жэрдэмкIэ уэрэдгъэIур Налшык кърагъэблагъэри, тхьэмахуэкIэ Долинск, Закржевскэхэ щагъэхьэщIэ, ехьэжьауэ ешхэ-ефэ хуащI, шыгъажэ-шыгъафэ ирагъэлъагъу, адыгэ уэрэд ирагъэдаIуэ, езы Шаляпинми хъыбар къажреIэ, урыс уэрэ д къаху егъэIу, «… фи уэрэдри телъыджэщ, гум хохьэ, ар сэ сфIэфI уэрэд нэщхъейхэм ещхьщ», - къахуегъэщIагъуэ. А зэIущIэ телъыджэм, Къылышбий Исмэхьил нэмыщI, нэгъуэщI адыгэ зыбжани хэтащ: полковник Къылышбий СулътIанбэч, Пырхъыш Исмэхьил, Щэрдан Албэч, Мэрзей Жанджэрий, дохутыр Щоджэн Бэчмырзэ, ХьэтIохъущокъуэхэ ящыщ гуэрхэр, пианинауэ Шыпш ФатIимэ, Балъкъэрокъуэхэ Даутрэ Фатярэ, нэгъуэщIхэри (Кодзоков В. К. Певцы земли родной. Нальчик, 1992, н. 80-84: «Шаляпин в Нальчике»). Исмэхьил гукъинэж щыхъуащ а телъыджэр. Реальнэм ахэр щагъасэрт музыкэри, сурэтри, архитектурэри къагурыIуэу. Музыкэр апхуэдизкIэ абы и гум хыхьати, симфоние концерт блигъэкIыртэкъым, музыкэ зэрыт пластинкэхэр зэхуихьэсырт (Кодзоков В.К., н. 75-76).

Октябрь революцэм и ужькIэ Къылышбийр политикэм хэша мэхъу революционерхэм я телъхьэу. Документ щыIэщ Исмэхьилрэ абы и ныбжьэгъу Мэрзей Жанджэрийрэ Налшык округым ис лъэпкъхэм я IV зэхуэсым (съездым) зэрыхэтар къыхэщыжу; зэныбжьэгъуитIри я зэхуэсым и секретару IэIэткIэ хахауи щытащ (Документы по истории борьбы за Советскую власть и образования автономии Кабардино-Балкарии (1917-1922). Нальчик, «Эльбрус», 1983, н. 208). Абы и мызакъуэу, усакIуэр Лениным и лъэныкъуэу зэрыщытар наIуэу къыхощыж «Къэбэрдей», «Насып» усэхэм: сталинистхэм, псом хуэмыдэу Къалмыкъым, ягъэбийм пэтми, ар социализмэм и телъхьэу къэнат.

Исмэхьил и щхьэгъуса З. А. Завельскэм зэритхыжамкIэ, Къылышбийр 1920 гъэм Варшавскэ университетым и юридическэ факультетым щIотIысхьэ. («Измаил Батырбекович Клишбиев» жиIэу З.А. Завельскэм схуитха тIэкIур, тетрадь напихрэ ныкъуэрэ хъууэ, си архивым хэлъу сохъумэ). А еджапIэшхуэр Ростов къагъэIэпхъуауэ дэтти, граждан зауэ зи гуащIэгъуэм хеубыдэри, еджамыхьу, къегъэхъэж. КъыздэкIуэжам уэркъ жаIэри, зэхэзехуэн ящI. КъалмыкъымрэТкаченкэрэ япэщIэмыхуэн хуейтэкъым: Дым Iэдэмэ, ЦIагъуэ Нурийхэ, Елбэд Хьэсэнхэ, ЩоджэнцIыкIу Алийхэ я деж зыщагъэпщкIу. А зэманыщ «Сэтэней и уэрэд» (1921), «Дымэ я зэшыпхъуитIым» (1921), «Эминат», «Хьаджэт», «Нинэ» жыхуиIэ усэхэу зэрыхуэсэу зэхилъхьахэр щитхар. УсакIуитIым зэгупсысын, зэщIэхъуэпсын, зытепсэлъыхьынхэр къайIыхт, ауэ абыхэм дыщыгъуазэкъым, зы налъэ щыIу фIэкIа. КъуэдзокъуэВ.КЪ. етхыж 1969 гъэм Къылышбийм мыр къыжриIауэ: «ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэр» щиухам щыгъуэ, япэ къызыхуеджар сэращ. Мадинэ и

Къылышбий Исмэхьил

образым дэзгъуэхэр жесIати, иштэри зэригъэзэхуэжащ», «Бэч и къуэ Исмэхьил,- етх адэкIэ Къуэдзокъуэм, - ЩоджэнцIыкIум и «Мадинэм» и япэрей вариантым щыщ пычыгъуэрэ зэригъэзэхуэжа нэужь къищIыкIыжамрэ (зэригъапщэурэ) къытхуеджэгъащ» («Певцы земли родной», н. 76).

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм щыпсэу адыгэу щIэныгъэ нэхъ зиIа лIыфIхэм зэрагъусар Исмэхьил сэбэп къыху эмыхъуу, дауи, къэнакъым.

Кушмэзыкъуей, Дымхэ е ЩоджэнцIыкIухэ я деж щыIэу, 1923 гъэм усакIуэм къещIэ Бахъсэн псыхъуэ зэрызыщигъэпщкIур къахутауэ. Ар Къалмыкъым Iэрыхьамэ, зэры-Къылышбийр къыхуигъэгъунутэкъым. Хэкум къинамэ, гува-щIэхами Ткаченкэ и жасусхэм япэщIэх уэнут, япэщIэху эмэ, езым и мызакъуэ у, къанакIуэ зыхуэхъу ахэми яхуэмыгъ уэнут. Ар и ныбжьэгъухэм Дыгулыбгъуейм, ЦIагъуэм и деж къашэри, Шэткъалэ кIуэ Кушмэзокъуэм ар Гумкъалэ недзыс; абдеж мафIэгум щотIысхьэри, Баку макIуэ. Абы пщыхьэщхьэ институт къыщызэIуахати (З. А. Завельск эм зэритхымкIэ), юрист факультетым щIотIысхьэ, юриспруденцэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну, арщхьэкIэ у эркъым къыхэкIахэм еджапщIэу дыщэ ахъшэ къыпаубыду къыщIокIри, Исмэхьил ещхьу, а институт дыдэр зрагъэбгына Зинаидэ Александровнэ Завельскэмрэ абырэ зэроцIыху, ягу зэкIэропщIэри, а гъэ дыдэм зэрошэ. «Дэ дызыхэхуа щIалэгъуалэм куэдкIэ къащхьэщыкIырт Исмэхьил, - жиIэжт З. А. Завельскэм. - Сэ згъэщIэгъуэпар ар литературэм, псом хуэмыдэжу усыгъэм, фIы дыдэу зэрыщыгъуазэрат; ар сыт щыгъуи оптимистышхуэт. Мылъку Iуэ ху ми зыдригъэхьэхыртэкъым, уи фIэщ мыхъун ху эдизуи цIыху захуэт. Сыт хуэдэ гугъуехь хэхуами, усакIуэу къызэтенэрт» (З. Клишбиева - Завельская. «Измаил Батырбекович Клишбиев»).

Еджэн Iуэхур къыщимыкIым, тIури зэгуроIуэ къэралым икIыжынуи, ТIуапсы макIуэ, хамэ кхъухь зрагъахуэу ежьэжын я мураду . АрщхьэкIэ арг уэрыр къащемыхъулIэм, Зинаидэ Александровнэм, Исмэхьилыр къытрегъэхьэри, и адэ-анэр щыпсэу Новосибирск ешэ.

ПсэупIэщIэм Къылышбийр политикэми щыхэIэбакъым, юриспруденцэ Iуэхуи щызэрихуакъым, транспортым пыщIа лэжьыгъэм хохьэри, абы и лъэр быдэу щоув: 20-30 гъэхэм ар Новосибирск и къалэтранстрестым я транспортым и унафэщIу ирегъажьэри, облавтоуправленэм и автотехснабым и тхьэмадэу ягъэув… Сыт хуэдэ IэнатIэ Iуагъэ увэми, егугъуу, щытхъу къихь у, саугъэт кърату и къалэныр игъэзэщIащ, «фIым и фIыж лэжьакIуэ» къыхужаIэу. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэ сыхьэтхэм, маху эхэм усэ зэхилъхьэу, и щIалэгъуэм иусауэ щытахэр гукIэ итхыжу, улаху э кърагымкIэ хуэщIауэ псэуфу 1942 гъэм къэсащ. Ауэ 1941 гъэм Германиер СССР-м къытоуэ, къэрал псор зауэ гуащIэм телэжьэн ху ей мэхъу, гурыщхъуэ зыхуащI псори ягъэтIысу щIадзэ. Къылышбийри 1942 гъэм ягъэтIыс. Зэрагъэкъуаншэр пщы лъэпкъыу жаIэри арат. «Сэ сыпщкъым, сыуэркъ къудейщ»,- яжриIэ пэтми, ар судым е къагурыIуакъым, е къафIэIуэхуакъым. Прокурорым тригъэчыныхьырт укI къытралъхьэн хуейуэ. РСФСР-м и УК-м и статья 58-м ипкъ иткIэ, илъэси 5 къытралъхьэри, тхьэусыхэж пэт ми зыри къимыкIыу, а илъэс бжыгъэр иухыху щысын хуей мэхъу. 1981 гъэм октябрым и 28-м (справкэ №15) РСФСР-м и Суд Нэхъыщхьэм и президиумым и унафэкIэ Къылышбий И.Б., лажьэншэу къальытэри, реабилитацэ ящI. Ар З. А. Завельскэм дэрэ и дэзырчыхтэкIэщ зэрауэхеижар: и усэхэр тредгъэдзэну къыщIытхыэмыдэр усакIуэр зэрыщысара ди гугъэу, ар реабилитацэ е дгъэщIа щхьэкIэ, абы и тхыгъэхэм тельтабур тхутрегъэхакъым, перестройкэр къежьэху.

Исмэхьил телъа тезырым ихуыу хуит къэхъуха нэужьым, и лэжьэкIэфыр ящIэж хъунти, аргъэру къулыкъуфI кърат: япэ щыкIэ псыхъуэ мыинхэр къэхъх зеклуапIэ щIыным етэжь Тогучинск э IэнатIэм (40 гъэхэм), итIанэ Дубровинскэ мэзхэм IэнатIэм я тхьэмадэу (50 гъэхэм) ягъэув, фIыщIэ къихьыи мэлажьэ.

1961 гъэм и ныбжьыр илъэс 65-м иту пенсэ макIуэри, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм пэшитI хъууэ кооператив фэтэр (К. Маркс и уэрам, унэ №18, фэтэр 40) щрегъэщIри, и щхьэгъусэмрэ ипхъу закъуэ Жэнэтрэ щIыгъу у, 1963 гъэм къоIэпхъуэж (Налшык къыдэтIысхьэжын дзыхь ищIакъым, ди деж я щхьэ къыщрикIуауэ щыта залымыгъэр ищIэжти).

Тэрчкъалэ къыздэкIу эжам Исмэхьил и IитI зэтедзауэ щысакъым: зыхуэзэша къуршыжьхэр къикIухьурэ Iэ ядилъащ; усэ куэд, поэмэ зыбжанэ щитхащ, музыкэм и гур етауэ щыпсэуащ. «Симфоние концертхэм кIуэрейуэ зэрызэх этхар щыху этIуэтэ жым, - етхыж Къуэдзокъуэ В. Къ., - «Пэжщ ар, жиIащ, филармонием и концерт блэзмыгъэкIыу сокIуэ, илъэспсо абонемент сиIэщ, а абонементым итщ Чайковскэм и 6-нэ симфониер, сэ нэхъыфI дыдэу слъагъур, ягъэзэщIэну» («Певцы земли родной», н. 76).

Зэзэмызэ ар щэхуу Налшыки къэкIуэ жырт. Псом япэу Реальнэ училищэу щытам, итIанэ ЩоджэнцIыкIу Алий и театрым къекIуалIэрт, мыбдеж ар Елбэд Хьэсэн щыхуэзэрт…

Исмэхьил ипхъу закъуэр, инженер-энергетикыу щыт а Жэнэт, 1967 гъэм Тэрчкъалэ щыщIилъхьэжащ.

Мы гуауэшхуэм иужькIэ Къылышбийм и усыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу зыхеукъуэдие псэуныгъэмрэ лIэныгъэмрэ я философие нэщхъейм икIи тхыгъэ куэд къегъэщI, абы иужькIэ усакIуэр илъэси 7 фIэкIа мыпсэужа пэтми.

Къылышбий Батырбэч и къуэ Исмэхьил и ныбжьыр илъэс 78-м иту 1974 гъэм дунейм ехыжри, и пхъум бгъуралъхьэжащ. Завельскэ З. А. щылIа гъэр тщIэркъым.

УсакIуэм бын къыщIэнакъым и усэхэм фIэкIа.

ЩыIэщ усэныр тезыру зытрилъхьэ е насыпу зрит: сэ гъукIэныр насыпрэ гухэхъ уэу къызитат. Агънокъуэм къыIурылъэлъу щыта налкъутхэм игъащIэм зы сом фIыщIи къыхуахьакъым - ар абы и тхъэжыгъуэ у арат. Къылышбийм усэныр тезыру Тхьэм къытрилъхьат: совет лъэхъэнэм ар зэи гугъакъым и усэхэр дунейм къытехьэну, къытрадзэну, тхылъу къыдэкIыну, и лъэпкъэгъ ухэр къеджэну. Исмэ хьил-усакIуэр дэ къызэрыдгуэкIым я нэхъыщхьэ дыдэщ ар. И кIэщIращи, ар къызыхуигъэщIар усэнрати, усэкIэ и псэр иIу атэрт, и г ур игъэбэяурт. Усэр гупсысэм и щытыкIэу арати, и псэр иIуатэу, и гур псэхужыху, а зы темэр, а зы усэр, уеблэмэ, а зы едзыгъуэр тетрадь зыбжанэм ярыз хъуху имыгъэтIылъу игъэкIэрахъ уэрт. И гупсысэм арэзы къимыщIауэ, зыхуей псалъэр къимыгъуэтауэ, и акъылри и къалэмри игъэувыIэртэкъым. Ар къэгъэщIыныгъэм пыщIа хьэзабыращ. ЕтIу анэу, ар къызэрыдг уэкIым ящыщщ абы и напэр иуфIыцIу пцIы зэримыупсар, и гум имылъ и усэм зэрылъимыгъэIэсар, и гум илъри зэримыбзыщIар. Пэж жыдвгъэIэ: дэ куэдрэ дыбзыщIын хуей хъурт ди гум илъыр, ноби есагъапщIэкIэ апхуэдэ зыщIэ ди мащIэкъым. БзыщIыныр пцIым и зы теплъэщ, пцIыр, зэран къэзышэ пцIыр хьэрэмщ. Ещанэу, гу зылъытапхъэщ Къылышбийм и закъуэныгъэр: зэчэнджэщын дэнэ къэна, и усыгъэм иригъэджэн, уеблэмэ иригъэдэIуэн имыIэу илъэс щэ ныкъуэкIэ псэуащ ар. Апхуэдэ зымыгъэунэхуа дэ къыдгурымыIуэнкIи хъунщ а трагедием и хьэлъагъыр.

Зэран мыхъун си гугъэщ апхуэдэ Iуэхум теухуа зы хъыбар фыкъысхуедаIуэмэ. Ар сэ къызжезыIэжар Дамаск дэт университетым и профессор Лащ Адыл-Абдулсэ ламщ, Тхьэм и нэфIыр къыщыхуэ!

Тыркум къыщалъхуу зеиншэу къэна адыгэ щIалэ цIыкIум кхъухь гуэрым юнгэу зригъащтэри, куэдрэ дунейр къызэхикIухьауэ, Гонконг щикIри дэтIысхьащ, бей дэхъухьащ, китаипхъу къишэри быни щигъуэтащ. Алыхьым къызэрыуитыну псэут… насып фIэкIа къызых уэт щымыIэу. МэбампIэ лIыр, мэзэш. АдыгэбзэмщхьэкIэ малIэ. ИтIанэ магнитофон къещэхури, епсалъэ-едэIуэ журэ зытрегъэ у. Ауэрэ Тыркум ис адыгэхэм запещIэри, адыгэ уэрэд, хъыбар иту кассетэ къыхуагъэхьурэ фонотекэ зэрегъэпэщ. А фонотекэм лIыр бампIэм кърригъэлащ, и щхьэр зэIимыгъэ хьэу.

Гонконг дэт университетым лекцэ кърагъэджэну ирагъэблэгъа профессор Лащ Адыл абы и хьэщIэщым щIэсу къыщIэкIри, бысымым цIыхугъэ хуэхъури, и Iуэху къызэрекIуэкIар къыхуиIуэтэжащ.

Лъэпкъым хэчауэ псэунир цIыху къызэрыкIуэм апхуэдизу къыщытехьэлъэкIэ, усакIуэм дежкIэ ар куэдкIэ нэхъ гугъужщ: уи лъэпкъ литературэм и контекстым ухэмыту утхэнри къумым жыг закъуэу ущыкIынри зэхуэдэщ. «И насыпт, емыгъэзау э зыхуейр итхыу щытащ»,- жызыIэн къытхэкIынущи, сэ сыхуейт апхуэдэм и нэгу къыщIигъэувэну мы зыр: «ЛIэныгъэмрэ» «ТхьэIущхэмрэ» яз 1974 гъэм и пэкIэ «зыпэщIэхуапхъэм» япэщIэхуамэ, дэнэ къыщагъэхутэну пIэрэт абыхэм я авторыр! Хуэмызар лIыфIкъэ? Къылышбийр хуэзат абы. Игъэунэхуат: 1942 гъэм и пэкIэ итха псор «зыпэщIэхуам» я деж щIэ лъэт.

А Iуэхугъуищым нэхъыбэу къыхэкIыу къыщIэкIынт Исмэхьил и усыгъэхэм я фIагъри я дагъуэри - зым и акъылыр, и щIэныгъэр, и зэчийр абыхэм къахэплъытэжмэ.

КIыхьу къытедмыгъэзэжми, гурыIуэгъуэ сфIощI, хуитыныгъэм щIэбэна дэтхэнэ цIыху къабзэ, губзыгъэми ху эдэу, Къылышбийм и псэм ищтэну зэрыщымытар Сталинымрэ сталиншыр Калмыкъымрэ я залымыгъэр. Ауэ телъыджэкъэ, псэзэпылъхьэпIэм зэритыр къыгурыIуэж пэтми, а гузэвэгъуэшхуэр Исмэхьил усэкIэ имыгъэвын зэрылъэмыкIар - О. Мандельштам, М. Булгаковым, адрей гупсысакIуэ хэм ещхьу. Ауэ Къэбэрдей тхакIуэхэр… адрей къэбэрдей тхакIуэхэр абы имыгъэгумэщIу пIэрэт?.. Хьэмэрэ псори апхуэдизу къэрабгъэу дыкъыщIидзат?

Пасэрей адыгэм «напэм и пэ псэр ихуэ» жыхуаIар занщIэу яфIэкIуэдауэ пIэрэт? Апхуэдэпсэр хамэпсэкIэ яхъуэжауэ пIэрэт? Хьэмэрэ Нало Жансэхъу зытекIуэдар апхуэдэ гуэру пIэрэт? ПIэрэ, пIэрэ, пIэрэ… ШэджыхьэщIэ Пщыкъанщэ? Борыкъуей ТIутIэ-щэ? Махъсидэ Залымхъан-щэ? Къуэжей Сосрыкъуэ-щэ?.. Адрей къомыр-щэ? Я нэхъ щэджащэу Къатхъэн Назир иужькIэ яукIа, Iуэм ирагъэлIыхьа къомыр зылъэгъуа лъэпкъыр «уи щхьэ-си щхьэ нэхърэ - си щхьэ гуэр», - жиIэу умэзэха?.. Си фIэщ хъуркъым. Си фIэщ хъуну сыхуейкъым.

30 гъэхэм адыгэпсэм хьэзабу ирагъэшэчар зэи щыгъупщакъым Къылышбийм. Ар гуIэгъуэшхуэу лъэпкъым ялъэгъуам усакIуэпсэр игъэгумэщIу, ар усэкIэ игъэву лIэжыху псэуащ. А гурыгъуэм гупсысэ-сюжету зиукъуэдийуэрэ усэ хьэлэмэ тхэм купщIэу хэ тIысхьэрт, нэгъуэщIхэм макъамэу къахэIукIырт («Щхьэ зэрапхъуа?» «ЛIэныгъэ», «ТхьэIущхэр», «Iиман», «Дигу дыгъэр зэ мыхъуу гуащIэ…», «Зыри тлъэмыкIыуэ…», «Дэ пщIыхьу щIым дыкъытехьащ…», нэгъуэщIхэри. Мы Iэрамэм усэ нэхъ гуащIэу яхэтыр «ЛIэныгъэращ», Зи гугъу тщIа гупсысэ сюжетыр иукъуэдийуэ къожьэ мы усэр: «Къалмыкъым и зэманыгъуэр» «гъаблейм и гъэ Iей мыгъуэу», «ЦIыхуфIхэм я унэхъугъуэу», «джыдэкIэ цIыхухэр щаIущI», «судыншэу я щхьэр щыпаупщI» лъэхъэнэу къыхощ сюжетым. Ар егъэлеяуэ фи мыгугъэ: зэтраукIэр пщы-уэркъым е хужьыдзэм хэтахэм я закъуэтэкъым - молэхэри, щIэныгъэ зиIэхэри, зи гуащIэкIэ мылъку зэзыгъэпэщахэри, къулыкъу зиIахэри, революционерхэри, цIыху къызэрыгуэкIхэри, бэлъшэвич пашэхэри зэтраукIэрт, шынагъэкIэ тепщэгъуэр яIыгъын щхьэкIэ. Абы къыхэкIыу Къалмыкъымрэ Ткаченкэрэ цIыхумрэ цIыхугъэмрэ я бийуэ къегъэлъагъуэ усакIуэм… Апхуэдэ сюжетыр политикэ егъэлеяуэ къызыщыхъуни щыIэнщ: социалист реализмэм гущыкI ищIащ литературэр зрагъэтхьэлэу щыта политикэ залымыр. Мы усэм и политикэр абы щIыщымыщыр, Iужажэ гупсысэкIэ мыхъ у, гу зэвэгъуэм, шынагъуэм къалъхуа макъамэщи, залымыгъэм ебий, едауэ гупсысэщи аращ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сыт щыгъуи игъуэу щытынущ. Мыр усэ пэжщ.

УсакIуэм и гур иуда зэпыту, дунейр фIэмыIэфIыжу гъащIэр ихьауэ къытщремыхъу: абы ныбжьэгъуфIи иIащ, и лэжьыгъэри игъэлъапIэу щытащ, езыр музыкэм итхьэкъуарэ зы концерти блимыгъэкIыу псэуащ, зыми химылъхьэ Ф. Тютчев, А.ф. Фет, А. Блок сымэ «уэршэрэгъу къыхуэхъуащ». Езым и усэхэр къыщехъулIэкIи мыгуфIэу къэнэнт - цIыхур дунейм тетых укIэ, и гурыгъури и гурыфIри щIыгъущ. Аращ Исмэхьил и гугъэр кIуэдми, къигъуэтыжу щIыщытар:

Дыгъэ къухьэгъуэм
ущымышынэ,
Дыгъэр щIэрыщIэу
къыпхуэкIуэжынщ.
Гугъэ кIуэдыгъуэм лIыгъэ
хыумынэ,
Гугъэр вагъуэщIэу
къэлыдыжынщ.
Дыгъэ гумащIэм
Дигу щIэращIэм
Зэ куэдщ жимыIэ.
(«Дунейм уэ уеныкъуэкъукIэ…»)

Къылышбий Исмэхьил зи усакIуэу щытар лIэныгъэракъым - гъащIэращ.

Къылышбийм, и усэхэм нэмыщIу, поэмитху къыщIэнащ щитха гъэхэр мыбелджылыуэ (абыхэм ящыщу тIур цIэфIэмыщу къэнати, дэ скобкэ плIимэм дэту цIэ яхуэдгъэуващ): «Дэнэ фэ фыкIуэдыжа?», «ПщIыхь», «Хэт а зыгуэрыр?», «Нэрымылъагъу», «Чэзууншэуэ псэур догъеиж». Дэ, къэбэрдей тхылъеджэхэр, дызэсар фабулэ укъуэдияуэ гъэпса поэмэ лIэужьыгъуэрщ. Исмэхьил ейхэр фабулэншэу, лирикэу гъэпса защIэщ, «… лирикэ усыгъэм и курыкупсэм итын хуейр усыгъэр зыгъэпс субъект IупщIращ, усакIуэрщ, аращ лирикэ усыгъэм купщIэ нэс ху эхъур»,- жи Гегель Георг. А щIыкIэм т ету гъэпсащ зи гугъу тщIы поэмэхэр: псэуныгъэмрэ лIэныгъэмрэ, цIыхум и натIэм кърихтам зыри зэрыпэмылъэщым, лIэныгъэм и шынагъуэмрэ гъащIэр зэрыгупыкIыгъуеймрэ теухуауэ усакIуэм игу къихьэ гупсысэ-гурыгъухэращ купщIэ яхуэхъур.

Нэхъапэм дэ апхуэдэ усыгъэ ттхыуи къытеддзэуи ядэу щытакъым. Псори дыоптимистын х уейт. АрщхьэкIэ ущыцIыхукIэ умыщыгъуэуи, дуней гузэвэгъуэхэм уримынэщхъейуи хъуркъым: гуфIэ фIэкIа гуIэ зымыгъэвым и псэр пхэнж, къулейсыз мэ хъу.

Псэуныгъэмрэ лIэныгъэмрэ псэм зэримыщтэм теухуащ «Хэт а зыгуэрыр?», «Нэрымылъагъу» жыхуиIэ поэмэхэри. Поэмитхуми яукъуэдийр а темэм и ныбжь зырызщ. Ко лхоз псэукIэм, коммунизмэр ухуэным, лIыгъэ щIэным теухуа литературэм еса дэ мы темэ нэщхъейр къэщтэгъуафIэ тщымыхъури Iуэхум хэбдз хъунукъым. ЛIыгъэ щIэным къимыхьа лIэныгъэр щхьэж и щхьэ Iу эх уу, мыдрейхэм я дежкIэ ар мыгъэщIэгъуэну, темэ жыгъейуэ, псэ укIэщIэр ухуэным зэран хуэхъуу къыджаIэрт. Иджы соцреализмэм и лъэхъур щрахыжакIэ, дэ зы теми хьэрэм щIэ тщIын щыIэкъым. Дунейпсо литературэм и тхакIуэгупсысакIуэ щэджащэхэр ебакъуэу щытакъым абы: щхьэж и псэм зэригъэкъабылу иукъуэдийрт. Дэри абы дыщIелъэпэу эн щыIэкъым. ЖыпIэ хъунущ, Къылышбийм гулъытэ куэдыIуэ а Iуэхум хуищIу щытауэ, итIани а темэм бгъэдэмыхьа дэ къыдгурыIуэжыну и чэзущ литературэр цIыхум и псэр зыдж щIэныгъэ лъэщу зэрыщытыр. Ар пэжмэ, Къылышбийм и поэмэхэри и усэхэри цIыхупсэм теухуа дэфтэрщ, пцIы зыхэмылъыж документщ.

НАЛО Заур.

Iуэдыщэ

Iуэдыщэ и зы щыгу лъагэм,
Зы щихушх уэ екIуу къыщыкIт,
Къудану щIэращIэ дахэм,
Дуней псори къыщыгу фIыкIт.

Пшэ нэхуу э и данэ щхьэщхэр,
Мазэ нэхухэм къыз уржьэкIт,
И бгъафэу щабэ къауцхъм,
Дыгъэ бзийхэм зыкърашэкIт.

Зэм-зэмуэ къыщIэж и псынэм,
Гу лъахэр къегъэ хъужыфт,
Хьаныжькъэр еша-еплахэмэ,
И ныбжь жьауэм
къыще тIысэхт.

И щхьэхэр уафэгурти,
Пшэ хужькъэр и унэрысти,
Бгъащхъуэжькъэр и унэрысти,
Сысамэ, зэкIэлъыпэхъэрт.

Жэщ кууу э зыэзэщIэуфыщIэмэ,
Iуэдыщэ ныбжьыр тридзэрт,
ИфIэщгуэ зиутхыпщIамэ,
И жыбгъэм дунейр зэридзэрт.

Къудан щихур тхьэщIасэ бынти,
ФIыгъуэ инхэр къыхуридзыхт,
Ауэ щыкIыр насып укIыжти,
Уафэ дыщэр бийуэ къыхихт.

Уафэжьу лей хуэмыгъэгъур,
ЩыблэжьэкIэ хуафьэу
къыхуилт,
«Уей-уей» мыгъуэм дуней
дигьагьыу,
Бгы псыгъуэр
къызэфIищыкIт.

НобэкIэ Iуэдыщэ щыгум,
Зы щиху тхыщэ щопэзээзх,
ВындэжьэукъугэгъщIэзэ гупым,
Хъэдэ гъыбзэр къраусэх.

Зы зэман щауэ пылъахэри
Гъэгурыкуэуи
къыхуемыпльэкI,
ПIащIэбзу щхьэщ къетхъухахэр,
Зы Iэ мыгъуи хуримыжьэкI.

И нэхэр ныкъуэс-ныкъуэфщи,
Нэбзийхэр щIэмыджэгуэх,
Щхьэ мыгъуэр бгы къеухыщи,
Удз закъуи къыщIымыкIыжх.

Зэзэмызэ тобэ къеIыхгуэ
ТхьэIуху дхэр къыщотIысэх,
АрщхьэкIэ зий зэжимыхыу,
ЛIыжь тхышэр йопэзээзх.

Сэтэней и уэрэд

Си псэр зейм
Сыримей,
Сэ сызейм
Сыхуэмей!
Жэщым сэ сымыжей,
Махуэ къэс сынэщхьейщ.
Хэплъэ Iейм среуд,
Бамп Iэм гур зэгуеуд.
Сызыхуейр
Къысхуэмей,
Сэ къысхуейм
Сыхуэмей!
Насып бзур пIэщIекIам,
Щыгъэ ар къезыгъэзэн?
Гугъэр уэ быукIам
Уэ хэт къоIэзэн?
Сэ къысхуейм
Сыхуэмей,
Сызыхуейр
Къысхуэмей!
ЩIалэ сэ сызымыдэр,
Си гум зэ къысхуимыкI,
ЩIалэ Iэр сэ зэстар
Узу сэ къызофыкI.
Си псэр зейр
Си пагэгъущ,
Сэ сызейр
Си мыфэгъу!
Пшынэм макъ имыIэж,
Зы уэрэд жимыIэж.
Си дахагъэр пачащ,
Нэху щыгъэр блэкIащ.
Сызыхуейм
И гур мыщ,
Сэ къысхуейр
Си узыщ!
Пэжым сэ сеукIыж,
Гу ауэр гум темыкIыж.
Мыгъуэ мэхъу Сэтэней,
Мэунэхъу Сэтэней.
Си псэр зейм
Сыримей,
Сэ сызейм
Сыхуэмей!

Шынэ

Нобэ щIы гъуэгум
Дытемыхъуэж,
Нобэ щхьэантIэшхуэ уэгум
ДыщIэмыхуэж.
Уафащхьэм щесу
Шыхэр ягъасэ,
ЦIыхур зэрынэсу
Мазэр хьуащ Iэсэ.
Жиным нэхъ Iейр
КъагъэушаIэ,
Емынэм нэхъ Iейр
Щыльэм къраащI!
Ижьы жиныр хуиту
Щыльэм щызокIуэ,
Дышынэ зэпыту,
Ди гъащIэр макIуэ.
Жагъуэ жин ныбжьыр
КъыдбгъэдэлъыкI,
Уэ ажальыжьыр
Дигум имыкI.
Дэнден атом шынагъуэм
Псэхэр ехуэ,
Иджыри Херасим мыгъуэм
Гухэр щIоуэ.
Иджыри а бзаджэ Iуэхур
Зым щымыгъупща!
Иджыри а дыдж нэпс нэкIур
Зэ мыгъуэщ!
Щыху Iейхэм щощтэ
Ди напэншагъэр,
Джатэ къззыщтэр
Ди лIыгъэнышагъэрщ.
Дяужь къиувэм
Сыт къытхуаусын -
Щыху абрэмыэм
Хуэдэ зы сын?
Хуэму мэуфыкI
Ди насып дыгъэр,
Щынэм щеуфыкI
Ди псэм и тхыгъэр.
Щыху Iейхэр хуиту
Щыльэм щызокIуэ,
Дышынэ зэпыту
Ди гъащIэр слIо щIокIуэр!

Гугъэр къэкIуэжащ

Щыхуэмахуэ мазэми
Уэс щым темыльт.
Дыгъэм зиIэжьэмы,
Гуащ Iэр Iыкьэдопль.

Уафэ щхьэ антIабзэм
Насып къеIуэху,
Махуэ хуабабзэм
Псэр къегъэнэху.

Дуней фальэм
Фыгъуэр къыпож,
Iейуэ гу хэплъэм
Гугъэр къокIуэж.
Аргуэру гъащIэм
Гур щогуфIыкI,
И фадэ гуащIэм
И чэф къызофыкI.

ЛIэныгъэ

Къалмыкъым и зэманыгъуэм,
Гъаблейм и гъэ Iей мыгъуэм,
Къэбэрдейм лъэр щагъажэрт.
Къалмыкъым зыхуейр
ищIыжырт.
ЦIыхуфIхэм я унэхугъуэм
Къэбэрдейм и дахэ губгъуэм,
Хей лъыпсыр зэрыкIыуэ,
Мыд Хьэбас хэт Iэщэкlа?

Къалмыкъым нэхъри яIэтыр т.
Ткаченкэ емынэ иIэтыр т.
Тхьэмыщкlэр
Унэм къышашырт,
Тхьэмыщкlэр
ПщlантIэм дашырт.

Джыдэкlэ цIыхур яIущIырт,
Судыншэу и щхьэр паупщырт…

Къалмыкъым и зэманыгъуэм,
ЦIыхуфIхэм я къудэжьыгъуэм,
Хы ФIыцlэ лъыпсыр
къежэхырт,
Цlыхуфк эм сэлам зэрахьырт,
Зырызуэ
Дунейм ехыжырт,
Зэрызуэ
Фыгъуэ кIуэ эдыжырт.
Къалмыкъым нэхъри
Мэбагъуэ,
Бзаджэр нэхъри
Мэбагъуэ.

* * *

Дэ пщIыхьу
Дунейм дыкъытехьащ,
Дэ бахъэу
Щыльэм дытекIыжащ.
Щым дыщыIа?
Зыгуэр жытIа?

Щым зы удз лъакъуэ
Темыла,
Лъэужь закъуэ
Къэмына.

Пщыхьым дэ дыхэмыкIа.
Пщыхьым дышщIэмыкIа.

Блокадэ тхылъым дыкъоджэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Фильмыр къызэрыщыхъуам теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым, «Налшык» НОТР-м я унафэщІ, кинорежиссер **Вэрокъуэ Владимир**.

- Сэ сытеукІытыхьыркъым уи нэгум сиплъэу узэрыцІыху щэджащэр иджыри зэ бжесІэну, - жиІащ Вэрокъуэм. - Уэ уи «Русский ковчег» фильмым сыщеплъам къызита гурыщІэхэм нэхърэ нэхъ гуащІэжщ нобэрейм къыхэсхар. Ар центральнэ каналхэм къагъэлъэгъуэн зэрамыдэм сызэгуигъэпащи, иризгъэщІэгъуэну псалъэ къысхуэгъуэтыркъым. Нобэ къызэхуэсахэм къыздаІыгъмэ, сыхуейт КъБКъУ-м щеджэ щІалэгъуалэм, жылагъуэми ветеранхэми къабгъэдэкІ лъэІу тхыгъэкІэ УФ-м и Президентым зыхуэдгъэзэну, «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмыр къыщагъэлъэгъуэн зэман каналхэм къагъуэтыфыным и псалъэ хилъхьэну. Уегупсысмэ, хьэдэгъуэдахэщ! Пщэдджыжьым щегъэжьауэ жэщыр хэкІуэтэху къэхъукъащІэ шынагъуэхэм, лІыукІхэмрэ хъунщІакІуэхэмрэ зэхащІыхьахэм, нэгъуэщІ хьэлэбэлыкъхэм, зэпэзэрылъэ хъуа «Школа» фильмыр, цІыху акъылир зыгъэутхъуэ нэгъуэщІ теплъэгъуэ къомыр канал псомкІи къатыну зэман ягъуэт, узыщІэзыгъэгупсысыж, блэкІам ухэзыгъаплъэ, къэкІуэнум ухуэзущий, щІэныгъэрэ акъылрэ къозыт нэтынхэр зырызыххэщ...

Вэрокъуэм къыхилъхьар къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ къэзэдащта нэужь, къэпсэлъапІэр студентхэм хуит хуащІащ. Ахэр зыщІэупщІахэм жэуап щритым, Сокуров Александр ди щэнхабзэм зегъэужьыным, ныбжьыщІэхэм я зэхэщІыкІымрэ къэухьымрэ хэгъэхъуэным, гу зылъытапхъэ нэгъуэщІ куэдми теухуа гупсысэ гъэщІэгъуэнхэр къиІуэтащ.

- «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмымкІэ ди тхыдэм и напэкІуэцІ гуузхэм ящыщ зым и тепхъуэр мащІэу тетІэтыкІауэ аращ, - жиІащ Сокуровым. - ЩІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэи лъэпкъым «епцІыжакъым», ахэр зыбгъэдэлъ цІыхуращ ипэкІэ кІуатэри, хэкІыпІэ къэзыгъуэтри, сэбэп зыхэлъ Іуэхухэр зылэжьыфри. Апхуэдэхэрщ лъэпкъым и къэкІуэнумкІэ жэуап зыхьри. Си дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ нобэ къызэхуэсахэм нэхъыжьыІуи щІалэгъуали зэрыхэтым. Сэ сщІэну сыхуейщ си лэжьыгъэр, си ІэрыкІыр фэ фи ныбжьым итхэм, къэкІуэнур зейхэм къазэрыщыхъур. ЦІыхур цІыхущ зыхуейр. Нэгъуэщ ІкъымНэгъуэщІкъым. Аращ си фильмхэм гупсысэ нэхъыщхьэ сыт щыгъуи хуэхъур. Ар зыхащІыкІыну сыхуейщ къыдэкІуэтей щІэблэми.

Сокуров Александр и фильмхэр Налшык мызэмытІэу зэрыщагъэлъэгъуар, езыри щІэх-щІэхыурэ къызэрытхуеблагъэр дызэригуапэр, иджырей фильмыщІэм и «лъэтеувэр» ди деж зэрыщищІымкІэ фІыщІэ зэрыхуащІыр, дяпэкІэ трихынухэр утыку къыщрихьэкІэ нэхъапэ дэ къытхуишэну зэрыщыгугъыр къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщам и жэуапу кинорежиссерым жиІащ:

- Іуэхур къызэрекІуэкІам и пэжыпІэ дыдэр жыпІэнумэ, «Александра» фильмым и лъэтеувэр Налшык щекІуэкІынымкІэ, нэгъуэщІ фильмхэри щыдгъэлъэгъуэнымкІэ фІыщІэр зейр Сэралъп Альбертрэ щІыпІэ унафэщІхэмрэщ. Ауэ абыхэм щІэупщІэшхуэ яІауэ, къытедгъэзэжыну щІэлъэІуу, зымылъэгъуахэм ялъагъуну хуейуэ джэрпэджэж зэхэтхыжакъым. Апхуэдэу щытми, си фильмхэр Налшык щызгъэлъэгъуэну Іэмал къызэрызатыр сэ сыт щыгъуи си гуапэщ. Мы зэманым дызэлэжь «Фауст» фильмри, къызэхъулІэмэ, къыфхуэсшэнщ. Ауэ фыхуейуэ пІэрэ фэ абы, пщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуфІхэ?! Хуэхьэзыру пІэрэ абы фи жылагъуэр? Фегупсысыт фи щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхухэм, фи щэнхабзэр, гъуазджэр, егъэджэныгъэр зыІутым, къыдэкІуэтей щІэблэр дэзыхьэхэм. Фэ фымыщІэ сэ вдэслъэгъуауэ аракъым, фэ зыдэфлъагъужыну сыхуейуэ аращ. Иджыри зэ фІыщІэ фхузощІ сыкъызэревгъэблагъэм папщІэ, ауэ сыхуейт апхуэдэхэм деж къалэшхуэхэм щыщ цІыху цІэрыІуэ гуэр вгъэхьэщІэ къудей мыхъуу, фи жылагъуэ зэхэщІыкІым зезыгъэужьын, зыгуэркІэ нэхъ мыхъуми къыфхуэщхьэпэн щэнхабзэ къэхъукъащІэу ди зэІущІэхэр къыфхущІэкІыну. Апхуэдэ зэІущІэхэр узыфІэмыкІыжын телъыджэ гуэру къыфщымыхъуу, махуэ къэс Іуэхугъуэ къызэрыгуэкІыу къэфлъытэу хъуа нэужь, мис итІанэ жыфІэхэр зэхэсхыну, дунейпсо щэнхабзэ лъагэкІэ зэджэм фызэрытепсэлъыхьыр, абы фыкъызэрыщхьэщыжыр сщІэну сыхуейт. Ауэ дызэвгъэупщІыжи, хуэхьэзыру пІэрэ абы мы щІыналъэм щыпсэу цІыхухэр? Езым я лъэпкъ щэнхабзэ лъапІэныгъэхэм гурэ псэкІэ етауэ пІэрэ? АдыгэбзэкІэ зэпымыууэ лажьэ радиостанц къудей фиІэкъым фэ, сыт абы иужькІэ узытепсэлъыхьыжынур? Илъэс етІуанэ хъуауэ а Іуэхум сыщІоупщІэри, иджыри къыздэсым зыми зихъуэжакъым. Абы къыдэкІуэуи шэч къытесхьэркъым, Іуэхур здэщыІэр мылъкур зэрыармырам.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **КІыщ Мухьэдин**, Зауэм хэтахэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу Налшык къалэ щыІэм и унафэщІ **Абдулаев Мустафа**, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Сокъур Жамболэт** сымэ, нэгъуэщІхэри.

«Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмым къищынэмыщІа, къызэхуэсахэр ирагъэплъащ дакъикъэ щырыщу зэхэт нэгъуэщІ теплъэгъуэ кІэщІхэм, «Санкт-Петербург. Зэхэкъутэныгъэхэр къызэрыхъар» зыфІаща фильмым. Ахэр теухуат а къалэм и теплъэр езыгъэкІакІуэ ухуэныгъэщІэхэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Фыкъеблагъэ

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и пшыхь

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм, КъБР-м ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ и министерствэм, ТхакІуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур» журналхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом я редакцэхэм фрагъэблагъэ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэща пшыхьым.

Ар ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым мазаем и 19-м сыхьэт 18-м щІидзэу екІуэкІынущ.

Уахътыншэ

Урысейм е хьэжьауэ щагъэлъэпІащ дунейпсо литературэм и классик Чехов Антон Павел и къуэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъур. Абы и ІэдакъэщІэкІ телъыджэхэр зэи мыкІуэдыжынщ. Урысей литературэм и курыхщ тхакІуэшхуэм и рассказ, повесть, пьесэ хьэлэмэтхэр. ФІэщхъугъуейщ абы и тхыгъэ гъуэзэджэхэм: «Тафэ» повестым, «ГубампІэ», «ФэзэхъуэкІ», «Гъумымрэ псыгъуэмрэ», «Шы унэцІэ», «Унтер Пришибеев», «Хирургие», «БзаджащІэ» рассказ цІыкІухэм хуэдэхэм, «Хы тхьэрыкъуэ», «Дядя Ваня», «Зэшыпхъуищ», «Балий хадэ» пьесэхэм щымыгъуазэ тхылъ фІыуэ зылъагъухэм яхэту. ТхакІуэ цІэрыІуэр дунейм зэрехыжрэ илъэсищэм щІигъуами, и пьесэхэм къытращІыкІа спектаклхэр зы гъи къэмынэу щагъэлъагъуэ ди хэкуми хамэ къэрал зыбжанэми.

ЧЕХОВЫМ урысей литературэм лъагъуэщІэ зэрыщыпхишам, и ІэдакъэщІэкІхэр зэрыкуум, зэрытелъыджэм, абыхэм я мыхьэнэм, къигъэщІа образ гъуэзэджэхэм кІыхьу утепсэлъыхьыфынущ. Ауэ абы нэхърэ нэхъ тфІэкъабылщ, газетеджэми нэхъ гъэщІэгъуэн щыхъуну къытфІощІ, и къекІуэкІыкІам, и дуней тетыкІам, и хьэл-щэным, и цІыхугъэхэм зэрахущытам, и творчествэм теухуауэ жаІахэм, и письмохэм дыкъытеувыІэмэ.

ТхакІуэшхуэр къыщалъхуар Таганрог къалэрщ. И ныбжь щынэсым щІалэ цІыкІур гимназием щІагъэтІысхьащ. Ауэ еджапІэри егъэджакІуэхэри гунэс щыхъуртэкъым абы. Арауэ къыщІэкІынщ географиемрэ есэпымкІэ экзаменхэр хуэмыту ныбжьыщІэр 3-нэ классым къыщІыхэнэжари. 5-нэ классми, ещхьыркъабзэу, илъэситІкІэ щІэсын хуей хъуащ алыджыбзэр къыхуэмыгъэІурыщІэу. Сытми, гимназиер къызэренэкІри, щІалэщІэр якІэлъокІуэ Мэзкуу Іэпхъуэжа я унагъуэм.

А лъэхъэнэрщ, илъэс 15-м щит зэманырщ, Чеховым къалэмыр къыщищтар. Абы и Іэрытххэр япэу зригъэлъэгъуари, абы ящыщ гуэрхэр къытрадзэнымкІэ щІэгъэкъуэн къыхуэхъуари и шынэхъыжь Александрщ. Ар езыр тхэрт, и рассказхэри журналхэм зэзэмызэ къытеху эрт.

Мэзкуу Іэпхъуа нэужь, Чеховыр щІотІысхьэ университетым икІи дохутыр ІэщІагъэм хуеджэу щІедзэ. Абы щыщІэса зэманым кърѝубыдэу тхэным гу хуэзыщІа щІалэщІэм рассказ цІыкІу куэд итхащ икІи журналхэм къытрыригъэдзащ. Псом хуэмыдэу Петербург къыщыдэкІ «Стрекозам». 1880 гъэм рассказ цІыкІуибгъущ журналхэм къытехуар. Ауэ 1883 гъэм ар 100-м щІигъуащ. А лъэхъэнэхэм абы зилъытэжыртэкъым тхакІуэу. ГъащІэм ирихулІэри къалэмыр къищтэн хуей хъуат: абы я унагъуэшхуэм яІэтэкъым зыхэпсэукІын мылъку. Махуэ къэс жыхуиІэм ещхьу и ІэдакъэщІэкІ рассказ цІыкІухэм ахъшэ хъарзынэ къапэкІуэрт.

ЖыІапхъэщ Чеховыр зытеува гъуэгур удз гъэгъакІэ къэгъэтІылъыхьауэ зэрыщымытар. Абы и зы щыхьэтщ «Стрекоза» журналым абы и тхыгъэхэм теухуауэ къытрадзар: « Умыгъагъэ щІыкІэ уохуэлэж. Ар ди жагъуэ мэхъу. Апхуэдэу уи Іуэхум убгъэдыхьэ хъунукъым».

Мазэ зыбжанэкІэ тхакІуэм къалэмыр къищтакъым. Ауэ иужьым и гур къэныкъуэкъуу хуежьэри тхэн щІидзэжащ.

1884 гъэм еджапІэ нэхъыщхьэр къеухри, Чеховым дохутыру лэжьэн щыщІедзэ Мэзкуу куейм щыІэ сымаджэщхэм ящыщ зым. А гъэ дыдэм дунейм къытохьэ абы и ІэдакъэщІэкІхэр щызэхуэхьэса япэ тхылъыр - «Мельпоменэ и таурыхъхэр» зыфІищар. ИтІанэщ абы къыщыгурыІуар литературэр зэрымыІуэху джэгур. «Иджыри къэс сэ литературэр къизмыдзэу, хуабжьу Іэхъуэт егъэкІыу сыбгъэдэтащ,- дыкъыщоджэ а лъэхъэнэм псэуа тхакІуэ цІэрыІуэ Григоровичым хуитха письмом,- сэ сщІэркъым зы жэщ-махуэ нэхъыбэ зытезгъэкІуэда рассказ сиІэу».

Япэ зэманхэм Чеховым и Іэдакъэ щІэкІар зэрыщыту гушыІэ, ауаныщІ тхыгъэ цІыкІухэрщ. Ауэ цІыхур бгъэдыхьэшх, ауан пщІы къудейкІэ литературэм узэрыхэмызэгъэнур къыгурыІуэри, абы и рассказхэм щІагъыбзэ куу ящІилъхьащ, гъащІэм хэлъ, цІыхум ядилъагъу мыхъумыщІагъэ псори сэтей къищІу.

Урыс литературэм, Гоголь, Пушкин, Тургенев, Толстой сымэ щыпхаша гъуэгум пызыщэн тхакІуэ хьэлэмэт къызэрыунэхуар наІуэ щыхъуар «Тафэ» повесть цІыкІур дунейм къытехьа нэужьщ. Ізагъышхуэ хэлъу, пыплъхьэни пыпхыни щымыІэу, Чеховым абы куууэ къыщигъэлъэгъуащ цІыхум и гурыгъу-гурыщІэр, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цІыхупсэмрэ зэгуэхыпІэ ямыІэу налъэ минхэмкІэ зэрызэхэуухуэнар, зыхэпсэухь зэманым и шыфэлІыфэри сэтей къыщищІащ. Абы иужькІэ тхакІуэм къытракІутащ письмо Іэджэ. «Сэ повестым зэ къэщтэгъуэу сыкъеджащ,- къыхуетх абы усакІуэ Плещеевым. - ЩІэздзэри сыухыху згъэтІылъыфакъым. Короленки сэщхьыркъабзэу дихьэхыу еджащ. Ар зыкІэ гъуэзэджэщи, абы щІэлъ поэзиер апхуэдизкІэ куущи, телъыджэлажьэ зэрысщыхъуам фІэкІ дагъуэ лъэпкъ хуэсщІыфынукъым». Григорово чи мыпху эдэ у къыхуитхауэ щытащ Чеховым: «Нобэ щыІэ тхакІуэхэм уакъых эщхьэхукІыу, уэ зэчиишхуэ пхэлъщ...»

ТхакІуэр хьэщІэкІэ фІыт. Абы и унэм куэд щызэблэкІырт. «Ізджэм делагъэу къащыхъуу къыщІэкІынт Чеховым и жумартагъыр,- етх усакІуэ цІэрыІуэ Чуковскэм. - Мо хуэмыщІауэ къэхъуар ерагъыу зэтеувэу хуежьа къудейт. И адэ-анэри, и къуэшри, и шыпхъури зыпІыр арат. Къэунэхуну махуэм игъэкІуэдыну щай къыхуэмынэми, абы и унэм хьэщІэр щІэзт игъашхэу, тригъэууэ, еІэзэу».

Зи хьэлкІи, зи щэнкІи, зи дуней тетыкІэкІи зэмыщхь Іэджэм, ар ирецІыху къызэрыгуэкІ, ирекъулыкъущІэ - махуэ къэс яхуэзэрт Чеховыр. Гъунэжу игъуэтыр т и творчествэм лъабжьэ хуищІын Іуэхугъуи образи. Ауэ абыкІэ мыарэзыуэ, Урысейм, абы и цІыхубэм я псэукІэр зыхуэдэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зищІын мурадкІэ, ар 1890 гъэм тоувэ гъуэгуанэ. Абы зыкъом щІауэ и нэ къикІырт пащтыхь властым и дзыхь зримыгъэзхэр здишэ Сахалин хытІыгум кІуэну. А гъуэгуанэм тхакІуэм бэлыхьу щишэчам ущІэмыупщІэ. Здежьам зэрынэсу, махуэл димыхыу, унагъуэ къэсых ункІэ щІыхьэурэ я Іуэху зытетыр и нэкІэ зригъэлъэгъуащ, хуитыныгъэ лъэпкъ ямыІэу, тхьэмыщкІэ дыдэу зэрыпсэум щыхьэт техъуащ. А щІыпІэм зэрыщыІа мазищым кърѝубыдэу тхакІуэр яхуэзащ цІыху мини 10-м. Абы къикІыжри, куэд мыщІэу, и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Сахалин хытІыгур» зыфІища тхыгъэшхуэ. Ар дунейм къытехьа нэужь, лъэпкъ интеллигенцэр апхуэдизкІэ къызэщІиІэтати, правительствэм комиссэ къызэригъэпэщын хуей хъуащ Сахалин игъакІуэу тхакІуэм зи гугъу ищІа мыхъумыщІагъэхэр зэтес ищІыжыну и къалэну.

Чеховым и гъащІэр сыт и лъэныкъуэкІи гъэнщІауэ зэрыщытам и щыхьэтщ тхэным, дохутырыным къыдэкІуэу, абы цІыхубэм я сэбэп зыхэлъ Іуэху щхьэпэ куэд зэрызэфІигъэкІар. Я унагъуэр щыпсэуа Мелиховэ къалэ цІыкІум абы и жэрдэмкІэ щыхасащ жыг зэмылІэужьыгъуэ куэд, апхуэдэу абы фІыуэ илъагъу балиейуэ жыгыщІэ мин. И узыншагъэр зэрызэкІэлъымыкІуэм къыхэкІыу зэман куэд щихь Ялтэ къалэми, ещхьыркъабзэу, жыгыщІэ щэ бжыгъэхэр щигъэтІысащ. ТхакІуэм и саулыкъ укІэ яухуащ сымаджэщхэр, школхэр, библиотекэ, Кърымым биологие станц. Апхуэдэу тхылъ мин зыбжанэ зэхуихьэсри Сахалин иригъэшащ. «Щхьэж щыпсэу щІыпІэр игъэдэхэн щхьэкІэ хузэфІэкІ псор илэжьу щытамэ, ди щІыналъэр сытым хуэдэу телъыджэ хъунут» - жриІэгъащ абы Горькэм.

ЦІыху къызэрыгуэкІыу, и щхьэм пщІэ хуищІыжу, цІэрыІуэ хъуа нэужьи пагагъ лъэпкъ хэмылъу Чеховыр дунейм зэрытетам теухуауэ гукъэкІыж куэд къызэранэкІащ ар фІыуэ зыцІыхуу щытахэм. Режиссер цІэрыІуэ Станиславскэм етхыж: «Балий хадэ» спектаклым и репетицэ екІуэкІынут. Актерхэр Чеховым елъэІуащ режиссерыр зыбгъэдэс стІолым бгъэдэтІысхьэну. АрщхьэкІэ идакъым, залым и кІэм кІуэри артистхэр зэрыджэгум еплъу щысащ».

«Абы и письмохэм, къэфщтэжи, феплъ,- жеІэ Чуковскэм. - Абыхэм зы сатыри зы псалъи щыбгъуэтынукъым и Іуэху дигъэкІын хьисэпкІэ зыгуэрым деж и щхьэр щигъэлъэхъшауэ е хуэІужэжауэ... ИтІанэ ар сытым хуэдэу къэгубжьауэ щытат журнал гуэрым и авторхэр щытридзэм абы и цІэр зэрыб нэхъ инкІэ къыхагъэщхьэхукІауэ щилъагъуам».

Чеховым и хьэл-щэнри, и гупсысэри, и дуней тетыкІари наІуэ пщыхъунущ къыщІэна письмохэм, абыхэм я бжыгъэр мини 4,5-рэ мэхъу, щыгъуазэ зыпщІа нэужь. ГушыІэшхуэ зых элъ цІыхуу зэрыщытари абыхэм ІупщІу уагъэ лъагъу. Пушкиным и цІэкІэ щыІэ саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщамкІэ къехъуэхъу тхакІуэ гуэрым абы хуетхыж: «СщІэркъым ар къыщІызатар. Елыркъэш куэд къызэрызубыдарауэ къыщІэкІынщ». Т хакІуэ Билибиным хуигъэхьа письмом мыпхуэдэу щыжеІэ: «Іейуэ сынолъэІу, уи хъэтІым зыгуэр ещІэ. Уеблэмэ уи тхэкІэр сысейм нэхърэ нэхъ Іеижщ. Уи «к»-мрэ «з»-мрэ щхьэпылъэ пщІыну къалэжь». И ныбжьэгъуу, фІыуэ къэзылъагъуу щыта пщащэм, Мизиновэм, къыхуитха письмом жэуапу ире тыж: «Тэрэкъанымрэ гъуанэдэсымрэ ди куэдщ. Ахэр телъу бутерброд дощІри дошх. ІэфІщ».

ТхакІуэ, драматург щэджащэм лъагъуныгъэр кІасэу щ къыщыхуэкІуар, и ныбжьыр илъэс 40-м нэсауэщ. Абы и гур хьэщыкъ зыщІар и пьесэхэм щыджэгу артисткэ цІэрыІуэ Книппер Ольгэщ. Ар щхьэгъусэ щыхуэхъуар 1901 гъэрщ. Ауэ а тІур зэрызэдэпсэуар илъэсищ къудейщ, абы щыгъуэми и нэхъыбэм зэпэІэщІэу. Сымаджэрилэу щыта Чеховыр 1904 гъэм дунейм ехыжащ. Абы иужькІэ Книппер псэужащ илъэс 55-кІэ.

«Чеховыр прозэм щы-Пушкинщ» - жиІэгъауэ щытащ Лев Толстой. Зи Іэрытххэр мыхьэнэшхуэ зимыІэ зэрыджэгу хьэпшыпхэм езыгъэщхьу щыта тхакІуэшхуэм и тхыгъэхэр зэи мыулъиин жыру къыщІэкІащ. Сыту жыпІэмэ ахэр сыт щыгъуи щІэщыгъуэщ, сыт хуэдэ зэманми йокІу, цІыхубэр зэпымыууэ зыгъэпІейтей гупсысэхэм поджэж, литературэм и классик цІэрыІуэхэм зэрыжаІащи, абы и ІэдакъэщІэкІхэм я лъащІэр куущ, уеджэхункІи щІэ гуэр къызэІубох.

МЫЗ Ахьмэд.

«Аннэ дэщІыгъуу»



«Балий хадэ»



«Дядя Ваня»

«Гъумымрэ псыгъуэмрэ»

«Зэшыпхъуищ»

«Унтер Пришибеев»

Сурэтхэр Алимов С. *ищІащ.*

ЩОДЖЭН Хъызыр Мэжид и къуэр

ПІАЛЪЭ кІэщІкІэ хьэлъэу сымэджа иужь и ныбжьыр илъэс 88-м иту 2010 гъэм мазаем и 11-м дунейм ехыжащ ди республикэмрэ Шэджэм куеймрэ хуабжьу щыцІэрыІуэ, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта, «Урысейм и цІыху нэхъыфІхэр» щІэнгъуазэ тхылъым зи цІэр иратха Щоджэн Хъызыр Мэжид и къуэр.

Щоджэн Хъ. М. 1922 гъэм накъыгъэм и 9-м Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Мыбы курыт школыр къыщиуха, Налшык щыІэ егъэджакІуэ курсхэм щІэныгъэ щызригъэгъуэта иужь 1939-1942 гъэхэм Къызбрун Ещанэ къуажэм пэщІэдзэ классхэр щригъэджащ.

1942 гъэм и пэщІэдзэм Щоджэн Хъызыр езым фІэфІу зэуапІэм Іухьащ. А зэманым къаруушхуэ иракъэлІат Сталиград къалэр бийм щахъумэным. 62-нэ армэ цІэрыІуэм хэту Щоджэн Хъызыр хахуэу нэмыцэ фашистхэм пэщІэтащ. Мыбдеж ар уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ.

И узыншагъэр зэфІагъэувэжа иужь, Щоджэныр Бэракъ Плъыжь орденым зезыхьэ 242-нэ бгыфочауэ Тэман дивизэм, Ипщэ фронтым хэтым, хагъэхьащ. Абы лІыгъэшхуэ щызэрихьащ Къырымым - Сапун бгым, Симферополь, Севастополь къалэхэм я Іэщэлъашэхэм деж - щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэхэм. Аргуэру уІэгъэ хьэлъэ хъуащ. Сымаджэщ нэужьым зауэм Іухьэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм сакъыу щахъумэ Хъызыр-ныбжьыщІэм и комсомол билету биишэм пхриудар икІи абы и лъыр зытелъэдар.

Хэкум пщІэшхуэ хуищІащ Щоджэн Хъызыр зэрихьа лІыгъэм. Абы Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэм и орденым и япэ нагъыщэр, ЩІыхь орденым и етІуанэ нагъыщэр, медаль пщыкІутху къыхуагъэфэщащ, Дзэ унафэщІ нэхъыщхьэ Сталин И. В. и фІыщІэ тхылъхэр къыхуагъэхьащ. Щоджэн Хъызыр тІэунейрэ ирагъэблэгъащ ТекІуэныгъэм и Параду Москва и Ут Плъыжьым щекІуэкІахэм.

Зауэ нэужьым Щоджэн Хъ. М. мамыр лэжьыгъэм пэрыувэжащ. Илъэси 3-кІэ ар къуажэ школым и егъэджакІуэу щытащ.

1952 гъэм Шэджэм Езанэм щыпсэухэм ар цІыхубэ депутатхэм я къуажэ Советым и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІу хахащ. Илъэс 30-кІэ - 1982 гъэм - пенсэм кІуэхукІэ ар и Іэтащхьэу щытащ Шэджэм куейм и къуажэ нэхъ инхэм ящыщ зым. Щоджэн Хъ. М. и унафэм щІэту къуажэр япэ щІыкІэ къалэ теплъэ зиІэ поселкэ, иужькІэ къалэ хъуащ.

Пенсэм кІуа иужькІэ Щоджэныр Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІэуззэда къарухэм, хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм я ветеранхэм я район советым и унафэщІу лэжьащ, ар зи пашэ ІэнатІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъыфІхэм ящыщу.

ЗэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэм папщІэ Щоджэн Хъызыр Шэджэм къалэм щІыхь зиІэ и цІыху цІэр фІащащ. Абы лэжьыгъэ ІэнатІэми къэралым и дамыгъэ лъапІэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

КъэзыцІыхуу щыта псоми хуабжьу я жагъуэ хъуащ Щоджэн Хъызыр Мэжид и къуэр дунейм зэрехыжар. Абы и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи дигу илъынущ.

Ныбжьэгъу гуп.

●Футбол

Къумыкъум Красножан хегъащІэ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм мы гъэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» етІуанэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр къиухри Тыркум къикІыжащ.

КЪЕЖЬЭЖЫН и пэкІэ ди щІалэхэр яІущІащ Узбекистаным и чемпионатым жэз медалхэр нэгъабэ къыщызыхьа ди лъахэгъу Къумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэ «Насаф» командэм.

Джэгум и япэ Іыхьэр иухащ узбек футболистхэр 1:0-у текІуэу. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм лъэныкъуитІми я щІалэхэм ящыщ яхъуэжащ икІи налшыкдэсхэм зыхагъэхьэну зыкІэлъыплъ Миятович бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ.

Дауэ щытми, а махуэм Къумыкъу Виктор и гъэсэнхэр нэхъ лъэщу къыщІэкІащ. ЗэІущІэр иухыным дакъикъэ пщыкІутху фІэкІа имыІэжу абыхэм «Спартак-Налшыкыр» къыхэзыгъэщІа етІуанэ топыр дагъэкІыфащ.

Ди командэм хэту а махуэм джэгуащ: Мандрыкин, Хаташенков, Кисенков, Амисулашвили, Лазич, Щаницын, Фреди, Джатэрывэ, Гогуа, Ечхини, Миятович. ИужькІэ зэІущІэм хагъэхьащ Деяк, Филатовыр, Маляровыр, Бикмаевыр, Сирадзе сымэ.

Налшыкдэсхэм мазаем и 19 пщІондэ загъэпсэхунущ. Абы иужькІэ зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным Испанием щыпащэнущ.

Отто, Александр, Никитэ, Стефан сымэ къытхохьэ

«Спартак-Налшыкым» футболистыщІэхэр зыхигъэхьэн щІидзащ.

ИЛЪЭСИЩКІЭ налшыкдэсхэм яхэтыну Іэ тридзащ Финляндием и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Фредрик сон Отто. Иужьрей лъэхъэнэм ар щыджэгуащ Норвегием и «Лиллерстрем» командэм.

Апхуэдиз дыдэ пІалъэкІэ зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІащ Екатеринбург и «Урал»-м и гъуащхьэ хъумэныкъуэ Щаницын Александррэ етІуанэ дивизионым щыджэгу «Нара-ШБФР»-м къыхаша Маляров Никитэрэ.

«Спартак-Налшыкым» и фащэр дызыхуэкІуэ илъэситІым щитІэгъэнущ серб щІалэщІэ Деяк Стефан. Щалъхуа къэралым и ныбжьыщІэ командэ къыхэхам хэ ту абы зэІущІэ 15 иригъэкІуэкІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«ЕвразиещІэ» Фондыр дэзыІыгъ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я программэм зыми и унафэм щІэмыт щІыналъэ тедзапІэхэм я гъусэу редакторхэм я Дунейпсо зэхыхьэмрэ журналистхэм я Дунейпсо центрымрэ я жьауэм щІэту «ЩІыналъэ газет нэхъыфІ 2009» 4-нэ Урысейпсо зэпеуэм хэтыну лэжьыгъэхэр мы махуэхэм къыІахащ.

●Зэпеуэхэр

Щхьэхуэу къыдагъэкІынущ

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хагъэхьэнущ нэгъабэ къытрадза тхыгъэхэр. Лэжьыгъэхэр къыщалъытэнущ «ЩІыналъэ газет нэхъыфІ», «Хэзыгъэгъуазэ тхыгъэ нэхъыфІ», «Журналист къэхутэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфІ», «Газетеджэхэм нэхъыфІу ядэлажьэ», «Сурэт нэхъыфІ», «Іуэху щхьэпэ нэхъыфІ», «Редакцэм и тхыгъэ хэха нэхъыфІ», «Сабийхэм я напэкІуэцІ нэхъыфІ», «ЩІалэгъуалэм я газет нэхъыфІ» номинацэхэм.

Зэпеуэм кърикІуахэм теухуа конференц ирагъэкІуэкІынущ. Урысейм и щІыналъэ газетхэм нэгъабэ къытехуа тхыгъэхэм ящыщу нэхъыфІу къалъыта лэжьыгъэхэр тхылъ щхьэхуэу къыдагъэкІынущ. Конференцым хэтхэм хуагуэшынущ 2008 гъэм щІыналъэ СМИ-хэм къытрадза тхыгъэ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэсахэр.

Мы Іуэхум теухуауэ фызыщІэупщІэнухэм я жэуапыр http//www bestnespaper. ru сайтым зэпкърыхауэ къыщывгъуэтынущ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федералънэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,3-нэ нап.),* ПхытІыкІ Юрэ *(1,4-нэ нап.),* корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Мариннэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №400